ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ГЪЭНДЗРЭ КЪЫДОКI

№71 (24.041) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьыным теухуа зэIущIэм

Урысейм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Трунев Юрийрэ Урысейм и Президентым и полномочнэ лыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрийрэ мэкъуауэгъуэм и 17-м ирагъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ щыIэ хэкIыпIэхэр щызэпкъраха зэIущIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, окружым ыхьэ адрей субъектхэм я унафэщIхэр, апхуэдэуи УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Бабич Михаил сымэ.

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ мардэм тету зэIущIэм щыхэплъащ окружым хыхьэ щыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхуэхэм, Урысейм и Правительствэм, щыналъэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ институтхэмрэ яIэ хэкIыпIэхэр кIыхьыгъэуIуауэ инвестицэхэр къеушэлIэным.

Щыхьэпсалъэм зегурыIуаш Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ окружыр «гъэунэхуныгъэ щрагъэкIуэкI» щыIпIэ щапхъэм тету, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэу Урысейм Коммуникацэхэмрэ связымкIэ и министерствэм игъэзащIэхэм хагъэхьэну. Къэбгъэльэгъуэмэ, зи гугъу ящIыр щIыналъэхэм я унафэр щыным ехьэлIауэ Москва областым щыIэ центрым хуэдэу щIыпIэм центритI къыщыхэрагъэпэщыныр щ.

«Бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр зыубгъуауэ хэпщэным Iэмал къитынущ социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэныкIэ икIи къащтэ унафэхэр зэIухауэ щытыныкIэ, Iуэхум Iулъхьэ зэIэпыхьныр къыхьыхьэныкIэ щыIэ шынагъуэр игъэмащIэу. Апхуэдэ мурадкIэ зэпсэльэныгъэхэр драгъэкIуэкIащ Урысейм и «Россфинмониторинг»-мрэ Казначействэмрэ, мыльку зэблэгъэкIыным хабзэншагъэ хамылъхьэфын папщIэ, щыналъэхэм я зэхуэдэ кIэлъыплъныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэр яубзыхуащ, апхуэдэуи, псом япэрауэ, къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэныр къэпщытэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрагъэуIунщ», - къыхиГъэщащ Чайкэ Юрий.

Къыхагъэщащ «Газпром», «Россети», «Сбербанк», «Ростелеком» Iуэхущапlэхэм я унафэщIхэм ящIыгъуу округым хыхьэ щыналъэхэм инвестицэ проект зыбжанэ щыпхырыгъэкIыным хуэгъэза Iуэхуэхэр зэрызэхалъхьар. Абыхэм ящыщу «Умный город», «Энергоэффективные технологии», «Разметка данных» зыужьыныгъэхэр, округым хыхьэ щыналъэхэм социально-экономикэ, инфраструктурэ я лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным хуэгъэпса нэгъуэщIхэри.

Зэ1ущIэм кърикIуахэм япкъ иткIэ субъектхэм я унафэщIхэм къалэн щащIащ щыналъэм дежкIэ экономикэми социальнэ Iэнатlэми мыхьэнэ нэхъыбэ щызиIэ проектхэр ягъэбелджылыну, иужькIэ ахэр нэсу зэпкърахын папщIэ.

«Зэгъусэу дыздэлажьэмщ къэралым и Унафэщым зыужьыныгъэм теухуауэ къигъэува къалэнхэр щытхуэгъэзэщIэнур», - и Iуэху епIыкIэр къигъэлъэгъуащ Чайкэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.

КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Бабич Михаилрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м зегъэужьыным хуэунэтIа зи чэзу Iуэхуэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Бабич Михаилрэ видеоконференц мардэм тету мэкъуауэгъуэм и 15-м тепсэлъыхьащ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхуэхэм. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. Тl., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ КIэрэф М. А., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ КъуныжьМ. А., КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Б. М.

ЗЭМАН гъунэгъум зэгъусэу зэлэжьыну зи чэзу Iуэхуэхэм щытепсэлъыхьащ зэIущIэм. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ КИФЩI-м и къэралыгъуэм программэм къыщыгъэлъэгъуэ инвестицэ проектхэр, апхуэдэуи Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныгъэ корпорацэм иубзыхуахэр щыналъэм щыпхыгъэкIыным.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ инвестицэм пыщIа Iуэхуэхэр, экономикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр хуэзэщIэзыубыдэ проектхэр гъэзэщIэныр республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэу зэрыщытыр. КъБР-м и унафэщIхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэнущ ахэр пхыгъэкIыным.

А псом къыдэкIуэу, щыналъэм иIэщ къэрал гулъытэншэу зэфIэмыкIыну гугъуехьхэр, федеральнэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ Iэнатlэхэр. Ар, псом япэрауэ, КъБР-р псыкIэ къызэрэпэщыныр. Жылагъуэ куэд гугъу ирегъэхь псы ирикъуу зэрамыIэм, гъэмахуэ лъэхъэнэм а гугъуехьхэр, цIыхухэм я мыарзэныгъэр нэхъ кууж мэхъу. Жылагъуэхэр псыкIэ къызэрызэрагъэпэщ системэр икъукIэ жьы хъуащ икIи иджыпей зэманым зыкIи къеззгъыжьыркъым. А Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щегъэжьыгъэкIыпхъэщ, щIыпIэ куэд дыдэм псыр щIэрыщIэу яхуэшэжьын хуей хъунущ. Объект 64-м я проект-сметэ тхылъхэр щыIэщ, къэрал экспертизэр арэзы техъуауэ. Нэхъ ин дыдэу къонэж Дзэлыкъуэу щыналъэм псыр яхуэзыгуэшыну ухуэныгъэ гупыр (2-нэ чэзур). Ар, къалщтэмэ, абыкIэ яIэ гугъуехьыр щыналъэ псом ящхьэщыдзыхьыну Iуэхущ - къуажэ 15-рэ щыналъэ центрымрэ щыпсэуэхэр къыззригъэпэщыныр.

Социальнэ унэтIныныгъэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхущ Налшык щащI, лышх узыр зыпкърытхэм щелъэзэну диспансерым и ухуэныгъэр и кIэм нэгъэсыныр. Ар 2007 гъэм ирагъэжьат «ЦIыху куэд зыгъэгъуазэ» узыфэхэм 2007 - 2012 гъэхэм земыгъэубгъун, абыхэм ебэныН» зыуэ щыт къэрал программэм хыхьэу. Яуэуат сымаджэхэр зращалIэ къудамэмрэ блокищымрэ я унэхэр, жьы къабзэкIэ къыззэзыгъэпэщыну, къэзыгъэхуэбэну системэхэм зэбгрышыным ехьэлIа лэжьыгъэм щыщи ящIат. 2013 гъэм ухуэныгъэр къызэтрагъэувыIащ, зыуэ щыт къэрал программэр зытращIыхьа пIалъэр зэриухам къыхэкIыу.

Республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зи чэзу нэгъуэщI къалэнхэм ящыщу тепсэлъыхьащ сабий эвинэхэр псоуплэкIэ къыззэгъэпэщыным, псы Iуфэхэр гъэбыдэным хуэунэтIа уэхуэныгъэхэр щIыным, щыIэхэр зэгъэпэщыжьыным.

Бабич Михаил къыкIигъэщащ зытепсэлъыхьа Iуэху псомкIи УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэрыхуэфIэкIкIэ республикэм зэрызыкъыщIигъэкуэнур, абы федеральнэ гъэзэщIакIуэ властым и адрей Iэнатlэхэмри проектхэр щыпхыгъэкIыныр хьыхьэу.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.

Онлайн IэIэтыр зэрекIуэкIыну щIыкIэр

«Mos.ru; gosuslugi.ru» Интернет хэщIапlэхэм мэкъуауэгъуэм и 21-м сыхьэт 14.00 пщIондэ щылэжьэнущ Конституцэм хуащIыну зэхъуэкIыныгъэхэм папщIэ электрон (онлайн) Iэ1эт.

МЭЗКУУДЭСХЭМ щыщу абы хэтыну хуитщ Урысейм и цIыхухэу зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэр, щыхэрым зэрыщыпсэум и щыхьэт яIэрэ зи гугъу тщIа Интернет порталхэу «Mos.ru; gosuslugi.ru» жыхуиIэхэм кабинет щхьэхуэ къыщызэIуэзыхахэр.

Абы уэхьхэн папщIэ, езы порталым къыщыбгъэтыгъыну лъэIу тхьылъым уи цIэ-унэцIэ-адэцIэр, укъыщалъхуа махуэр, паспортым итхэр, СНИЛС-мрэ жып телефон номерымрэ интхэн хуейщ. Лъэ1у тхьылъыр яIэрыхьа нэхъ, ар «Хэхъныгъэхэр» жыхуиIэ системэм итхэм ирагъэпщэжынущ.

Электрон (онлайн) IэмалкIэ екIуэкIыну Iэ1этым а зи гугъу тщIа зэпылъытэныгъэхэм пхьыкIа псори хэтыфынущ, абы хьыхьэкIыу, лъэIу тхылъым итыпхъэхэр щиптхэкIэ, набдзэгубдзаплъэ дыдэу ущымыту хъунукъым. Зэпылъытэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, Iэ1этыр щекIуэкIыну мэкъуауэгъуэм и 24-м илъэ зы махуэкIэ нэхърэ мынэхъ кIасэу, щхьэж и кабинет щхьэхуэм жэуап къыщытаныжынущ, ардыдэр электрон тощым къыхурагъэхьыжынущ, телефон смс-кIи кьыIэрагъэхьэнущ.

Сыт Конституцэм халъхьэжьипхъэу къагъэлъагъуэр?

Фигу къыдогъэкIыж: щIышылэм и 15-м Путин Владимир цIыхубэм зыкъыщыхуигъазэм, Конституцэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейуэ къигъэуващ. Депутатхэр, сенаторхэр, юрист цIэрыIуэхэр, щIэныгъэлIэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, спортсменхэр, цIыхубз зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт чэнджэщзэгъу гуп мы Iуэхум елэжьыну IыхьахаухэрщыIащ.

Къэрал Думэм и комитет щхьэхуэмрэ чэнджэщзэгъу гупымрэ я зэIущIэхэм хэлъхьэныгъэу 900-м нэс щызэпкърахащ, жэрдэм куэд къыдыдэ щIащ. Хэлъхьэжьипхъэу къалъытэхэм ятеухуа хабзэр Парламентым и унафэкIэ къабыл ящIа нэужь, абы Конституционнэ судри арэзы техъуащ. Иджы езы цIыхубэм и макъ къигъэIун щыхуей чэзур къэсащ. Конституцэм мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэныныгъэхэр халъхьэжьипхъэу къалъытэ:

- Къэралым и пщэ делъхьэж цIыхубэр я узынщагъэм зэрелIэлIапхъэ медицинэ Iэмалхэр гъэтыгъуафIэу, зыхуей хуэзазуэ щытыным кIэлъыплъыныр;
- Къэралыгъуэм и пщэрыпъ пажэу къелъытэ сабийхэр зыхуей хуигъэзэныр, ахэр ихъумэныр;
- Илъэс къэс Iэмал имыIэу пенсэм зекIуэ уасэхэм елъытауэ хагъэхъуэныр;
- Къэралым къалэн зыщещIыкъ хуэныкъуэхэм хэхауэ мылъкукIэ ядэIэпыкъуныр, абыхэм хухагъэкI ахъшэр уасэ зекIуэм къыкIэрымыхуу щигъэтыныр;
- Къэралыгъуэм Iэнатlэ Iут лэжьакIуэм и хуитныгъэхэр ихъумэну къалэн зыщещIыкъ, зыхэпсэукIипхъэу ягъэува улахуэ нэхъ мащIэ дыдэм къыфIэмыкI лэжьащIэ Iэрыхьапхъэу къелъытэ;
- Къэралым и гъунапкъэр хуымэным теухуа унафэм ипкъ иткIэ, УФ-м и щIыналъэу къалъытэ щыхэм ятхьэзэкъуныр хабзэм ебэныгъэу къалъытэ;
- УФ-м и Конституцэр дунейпсо хабзэм ипэ игъэщыпхъащ;
- Тхыдэм и пэжыр хуымэныр къэралым къалэн зыщещIыж. Тхыдэр пхэнжу къэбгъэльэгъуэныр идэркъым;
- Урысыбзэр къэралыгъуэм лъабжьэ хуэхъу бзэуэ къэлъытэныр;
- УФ-м и Президенту щIэ и щыта цIыхум кьыкIэлъыкIуэ президент хэхыныгъэхэми и кандидатурэр къыщигъэльэгъуэну хуит щIыныр.

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

Мэлыжьыхьым и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2020 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр.

Иджыпсту щыIэ щытыкIэм ипкъ иткIэ, цIыхухэм Iэмал яIэщ пощтхэм мыкIуэу, я унэ щIэсыжу газетхэм Iэ тредзэну - Урысейм и Пощтым и сайтым иIэ podpiska.pochta.ru жьыхуиIэмкIэ апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр зэфIагъэкIыфынущ, къэралым къыщыдзкI газет, журнал минитхум ящыщ дэтхэнэ зыми Iэ трырагъэдзэнущ. Iуэхутхьэбзэр тэмэму зэтеухуауэ щытщи, дэнэ щIыпIэ щыпсэуми апхуэдэ щыкIэкIэ Iэ традзэфынущ нэхъ дэзыхьэх къыдэкIыгъуэхэм.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кIэнIейкIэ 30-рэщ.

Ди индексыр П 5894

2020 гъэм и лIыхъужьхэм яхуэгъэзауэ

Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамым иджыри зы арт-лэжьыгъэ дахэ къыщыунэхуащ. Ар я Iэдакъэщ1экIщ сурэтыщIхэу Аккизов Чэримрэ Къудей Астемырэ.

ДУНЕЙ псор уэ Iейм щызыхъуиэ дохутыр бзыпхъугъэм и образыр зэи хуэмыдзэжу иджырей зэманым и джэлэсщ. Дыззэрыт зэманым къытхуагъэува жыпхъэхэм утетмэ, уи щхьэри, уи гъунэгъуэхэри уэ зэрыщIалэм къыпхуегъэлэныну. Нэкlуlупхъуэ пIулъмэ, гъунэгъуу уэзбгъэдэмыхьэмэ, уи Iэр птхьащI эпытмэ, шынагъуэ щыIэкъым. Фигу кьыдэмыкIмэ, унэм фыщIэс, гуп зэхьыхьэхэм защыфхъумэ. Апхуэдэ Iэмалхэращ и хэкIыпIэр сымаджэ дымыхуным, нобэ абыхэм ящхьэщыт дохутырхэр нэхъ щIэх я унагъуэхэм екIуэлIэжыным.

Налшык къалэ администрацим, къалэм зиужьыныкIэ «Платформа» институтым, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм я жэрдэмкIэ кьрахьэжьа стрит-арт Iуэху дахэр зэкIыпIэфIт къулыкъущIэхэмрэ щIыху къыдэзрыгуэкIхэмрэ дохутырхэм я хахуагъэм иджыри зэ гу лъегъэтэныкIэ, абы хэм яхуэтщI пщIэр кьридгъэлъэгъуэныкIэ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 18, *махуэку*

♦Гужьеигъуэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Iэщ1экIэ Зэщ1эхэда и Къарухэм дэзм пыщIа транспортым и лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэкIуэ и къулыкъум и махуэщ

♦Азербайджаньм щагъэлъапIэ цIыхум и хуитныгъэхэм я махуэр

♦Молдовэм и тхыдэджхэм я махуэщ

♦Тыркумэным юстицэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1761 гъэм Урысей империем унафэ къыщащтащ къэралым къулыкъу хуэзыщIахэм пенсэ яхуэгъэзэныным теухуауэ.

♦1815 гъэм Инджылызым-рэ Пруссиемрэ я дзэхэм Бонапарт Наполеон и армэр Ватерлоо къалэ цIыкIум деж щызэтракъутащ.

♦1880 гъэм Москва къалэм Пушкин Александр и фэеплъ къыщыдзыIуахэ. Ар скульптор Опекушин Александр и проекткIэ ящIат.

♦1889 гъэм США-м щыз Ричардсон Уильям къигупсысащ сабийхэр къыззырырашкI гу цIыкIур. Иджыпсту ар дуней псом нэхъыбэу къыщагъэсэбэп сабий хьэпшыпхэм ящыщщ.

♦1932 гъэм Женевэ къалэм (Швейцарие) къыщащтащ Баскетбол зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо федерацэ къызэгъэпэщащ. Ар Iуэхуфа. Иджыпсту абы хэтщ къэрал 213-м я зэгухьэныгъэхэр.

♦1936 гъэм дунейм екIуэжащ совет тхакIуэ, драматург, жылагъуэ лэжьакIуэ Горький Максим.

♦1937 гъэм щIидзащ кхъуэлъатэкIэ къемыпIыгъэхыу Москва - Полюс Ищхъэрэ - Ванкувер гъуэгуанэр зэпычыным теухуа зекIуэр. Кхъухьлъатэр зрагъэкIуэрт Чкалов Валерий, Байдуков Георгий, Беляков Александр сымэ.

♦1946 гъэм Италиер Республикэ хъуащ.

♦1955 гъэм «Юность» журналым и япэ номерыр кьыдэкIащ.

♦1956 гъэм Налшык музыкэ училищэ къыщыдзэIуахащ.

♦1960 гъэм дунейм кьытехьащ тхьэмахуэм зэ кьыдэкI «За рубежом» журналым и япэ номерыр.

♦1974 гъэм дунейм екIужащ дззэещ цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэ, Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий.

♦Урысей актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубз артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, къэрал академическэ Театр ЦIыкIум 1988 гъэ лъандэрэ и художественнэ унафэщI **Соломин Юрий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ-живописец **Индрис Залымхъан** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Инджылызым щыщ музыкант, уэрэджыIакIуэ, композитор, дуней псом цIэрыIуэ щызыIуауэ щыта «Битлз» гуп цIэрыIуэр къызэзыгъэпэщащ ахэр **Маккартни Пол** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦1949 гъэм кьалъхуащ **Качиньский** зэкъуэш зэтIолъхуэныкъуэхэу **Лехрэ** (Польшэм и президенту щытащ, 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Смоленск пэмыжьыжьу кхъухьлъатэ къыщыщIехуэхам хэкIуэдахэм ящыщщ) **Ярославрэ** (Польшэм и премьер-министру щытащ).

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Ало Владимир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и артист, уэрэджыIакIуэ, нэтынхэр езыгъэкIуэкI **Галкин Максим** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэрэ техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщецыхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 19, *мэрем*

♦Лъэсу къэкIухьыным и дунейпсо махуэщ

♦США-м щагъэлъапIэ пщылIхэр хуит щыхьужьа махуэр. 1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Iэ тридзащ и къэралым пщылIыгъэр щымыгъэIэжьынымэ теухуа законым.

♦Журт автономнэ областым щагъэлъапIэ я гербымрэ ныпымрэ я махуэр

♦Алжиры и революцэм и махуэщ

♦Кувейтым и щхьэхуитныгъэм и махуэщ

♦1920 гъэм РСФСР-м и Цыхубз комиссарэхэм я советым щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным теухуа урысейпсо комиссэ къыззригъэпэщащ.

♦1957 гъэм Ленинград кьалэм ГъэзджэхэмкIэ и утыкум деж щагъэуващ Пушкин Александр и фэеплъ.

♦1991 гъэм советыдзэхэр Венгриием кьишыжьын яуэкащ.

♦Совет тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и цIэр зезыхьэ сатугъэтым, СССР-м, Белоруссием я Къэрал саугъэтхэм я къауреат **Быков Василь** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубз артисткэ **Селезнёвэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цIэрыIуэ, къэралым и гуп къыхэхам и гъуащхьэтету щыта, Олимп Джэгуэхэм дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызыхьа, СССР-м спортымкIэ щыIэхь зиIэ и мастер **Мышкин Владимир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Хоккеист цIэрыIуэ, Совет Союзым и гуп къыхэхам хэту Олимп Джэгуэхэм тIэнейрэ щытекIуа, зэ дыжьын медаль къыщызыхьа, СССР-м спортымкIэ щыIэхь зиIэ и мастер **Макаров Сергей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыIэхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищIо Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Норвегием щыщ спортсмен **Дэли Эрленд Бьёрн** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу. ЛыжэкIэ къыззэдэжэн спорт лIэужьыгъуэм абы щIиэ ехьэлIэныгъэхэм хуэдэ къихьын зыхуэзэфIэкIа зэкIэ дунейм щыIэкъым. Ар Олимп Джэгуэхэм 8 щыIэкIуащ, дунейм бгъуэнейрэ и чемпион хъуащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрэ техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщецыхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуэху



ЗэфIагъэкIахэм хоплъэж

Дунейпсо Адыгэ Хасэм хамэ къэралхэмрэ Урысейм и хэгъэгухэмрэ щIэ къудамэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ зыхэт онлайн видеоконференц дыгъуасэ екIуэкIащ.

ИНТЕРНЕТЫМКIЭ зэрыльагъуу зэпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуокъуэ Хьэутий**, абы и къуэдзэ **Щоджэн Iэминат**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир**, КАФФЕД-м и гуащэ **Мамхэгъ Илдыз**, Израилым щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закариерэ** ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт **Тхьэуэхъуэ Зухьерэ**, Германием щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Вэрокъуэ Затийрэ** ДАХ-м и вице-президент **Дыщэкl Эртанрэ**, Сириием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм хэт **Къэбэрдей Аднан**, Урысейм и хэгъэгухэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадзхэу **ЛIымыщэкъуэ Рэмзан** (Адыгей), **Аслъэн Алий** (КъШР), **Дербит Валерий** (Осетие Ищхъэрэ-Алания), **Шьбзыхъуэ Юрий** (Ставрополь край), **КIэкIыхъу Мэжид** (Краснодар край).

ЗэIущIэм хэта псори тепсэлъыхьащ коронавирус уэ зэрыщIалэр зэрекIуэкI пIалъэм кьриубыдэу я хасэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм, нобэкIэ я Iуэху зыIутым, щытыкIэ гугъу ихуа ди лъэпкъгъуэхэм зэрадзэIэпыкъуэм, яIэ мурадхэм.

Онлайн-конференцым зи гугъу щащIахэм теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замиря.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дахэм къимыхь Iейм къихьыркъым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым 2019 гъэм тещІыхьа и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым 2019 гъэм тещІыхьа и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэшІэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэкІын, абы Іэ щІидзын икІи хІыІущІыу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2020 гъэм накъыгъэм и 28-м
№160-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым 2019 гъэм тещІыхьа и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм накъыгъэм и 28-м къищтащ

1 статья

1. 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым (адэкІэ - Фондщ) и бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэр къэщтэн мы къыкІэлъыкІуэхэм хуэдэу:

1) Фондым и бюджетым кьыІэрыхьэну зыщыгугъ и хэхъуэхэр сом мин 9213492,2-рэ, абыхэм ящыщу ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондым и бюджет зэхуаку трансфертхэр сом мин 8884394,2-рэ хьуэу;

2) Фондым и бюджетым и хэщІхэр псори зэхэту сом мин 9296562,2-рэ хьуэ.

3) Фондым и бюджетым хуримыкъу ахъшэр 83070,0-рэ хьуэу.

2 статья

Фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуар къэщтэн мы къыкІэлъыкІуэхэм хуэдэу:

1) 2019 гъэм Фондым и бюджетым и хэхъуэхэм я зэхэлъыкІэр къэщтэн мы Законым и гъэдэсэн №21-м зэриттым хуэдэу;

2) 2019 гъэм Фондым и бюджетым и хэщІхэм я ахъшэр зэрытегуэшар Іыхьэхэм, Іыхьэ къуэдзэхэм, мурад пыухыкІахэм ятеуха статьяхэм, хэщІ лІэужьыгъуэхэм я зэхэлъыкІэр къэщтэн мы Законым и гъэдэсэн №2-м зэриттым хуэдэу;

3) 2019 гъэм Фондым и бюджетым хуримыкъу ахъшэр бюджеткІуэцІ хэхъуэхэм щыщу хуэятІыпІщыныр къэщтэн мы Законым и гъэдэсэн №3-м зэриттым хуэдэу;

4) 2019 гъэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондым и бюджет зэхуаку трансфертхэр тегуэшэнр къэщтэн мы Законым и гъэдэсэн №4-м зэриттым хуэдэу.

3 статья

Мы Законым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№19-РЗ

75

Щоджэн Мэлил Хьэмзэт и къуэр Хэку зауэшхуэм зэрыдзекІам и хъыбарыр къэзыІуэтэжыр и шыпхъу Жэман (Щоджэнхэ ипхъу) Лалусэщ.

МАЗЭ зыбжанэ дэкІат си дэлъху Мэлил дзэм къулыкъу щищІэну зэрыдашэр. 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и кІэм абы къыбгъдэкІыу письмо къыгъэкІуащ. Мэлил хьыбар къыдигъащІэу арат ди къуажэгъу щІалэ зы гуп и гъусэу Прохладнэ кьалэм пэгъунэгъу Учебнэ жьлэм щыІэ дзэ частым зэрагъакІуэрэ иужькІэ зауэм зэрыдашынымрэ. Ди адэ Хьэмзэт (Дадэкіэ деджэрт) щІэупщІакІуэ и къуэм деж зыщигъэхьэзырыну, зыгъэхьсхуигъэзащ: «УнэкІуэн си гъусэу, сипхъу щІыкІу? Дыуэршэрхуэр дыкІуэмэ, гъуэгуанэри къыдэхьэлъэкІынкъым». Асихьэту арэзы сыхъущ. Дадэ и гъусэу дзэм сыкІуэфынут. Сэ быним сранэхьыщІэти (абы щыгъуэм ильэс 12 сы-хьурт), сыт щыгъуи сигъэлфэрт, зэрагъэ гуэр сщІами, къысщхьэщыжу сесат. Абы и псалъэм нэхъри зэхуэ дунейм темыту къэслъытэрт. Кьапщтэмэ, си мызакъуэу, абы жьлэми пщІэ щІэт. Куэд яхуищІау ди адэм цІыхухэм. Зауэ нэужьым, ди республикэм и мэкъумэщ Іэнатіэм и лэжьакІуэ нэхъ пашэжьм яхэту ар Калининым Іущіэну Москва ВДНХ-м ягъэкІуауэ щытащ. КьекьокІ-нехьжІ хэмылъу ди адэм ар щигъэгъуэзат ди Іуэху зыІутым, псом хэмыдзу абы жриІат тафэмрэ бгьилъэ щІыпІэхэмрэ щыІэ щІыкъэр къызэрагъэсбэным щхьэкІэ зэхуэдэу ягъэув налогхэр къызэремызэгъыр. Ди Каменномост къуажэм къэпщытакІуэхэр мыгувэу къэкІуат икІи щытыкІэр ягъэзэхуэжат. Сыт хуэдиз гуапагъэ ищІэрэт Дадэ! Бгым кьыщыщІэж псынэм хуэкІуэ лъагъуэр зэрыпхишамрэ ар зэрихьэу зэрыщытамрэ и закъуэ уринэуни.

... Мамэ игъэхьэзыра шхыныгъуэхэр (лэкъум, нартыху хьэлу, мэлыл гъэгъу) хъуржыным итлъхьэри, Дадэрэ сэрэ нэхущым дыдэкІащ. Сэркмэкъ, Малкэ, Куба къуажэхэр къызэдэкІа нэужь, пщыхьэщхьэхэмкІуэу Псыхьурей дынэсащ. Гъэгуанэ псор лъэсу зэпытчащ. Щыгу зэщІэщІа къыдблэкІа мыхъумэ, цІыху щІагъуи дрихьэлІакъым. Жэщым ди адэм и анэм деж дыкъэщцыувыІащ (ар Псыхьурей дэст) икІи пщэдджьыжьым ди гъэгъум пытщэжащ, Прохладнэ дыхуэзкІуэу. Зэ частым дынэсыж щхьэкІэ, иджыри километр 30-м щІигъу ткІун хуейт. Гъэмахуэ хуабэ щІывыгъуэти, дыгъэм псори илыпщІырт. Ахуэ дэ дымыдзыхэу ди гъэгъум хэдгъэщІырт, кьытпэплъэ зэІущІэ гуапэм дыхуэпабгъэрти. Дадэ зэрыжиІамкІэ, дзэ частым дынэсыным иджыри си сыхьэтыфІ гъэгуанэу дэпът. Абдеж кьыдижьэпІащ шитІ зыщІэщІа зы шигу. Ар дблэжри, метр 20 хуэдизкІэ тпэІэщІэу къэувыІащ. Дадэрэ сэрэ дызэрыкІуэм хуэдэщ. ШхэмылакІэр зыІыгъым зыкъигъэзэхэжрэкъым. ДащыльэщІыхьэм, шыгум кьеувэжащ дзэ фэиплъхьэгъэкІэ зэщІхэзэплькІа щІыхухэу льагъэ зэпІэзэрыт. Абы хуэдэ щІыхухэм асихьэту дзыхь яхубощІыф. Офицерым Дадэ сэлам гуапэ кьурихри, шыгум дитІысхьэну зэригуапэр кьыжриІащ. КьызэрыщІэкІамкІэ, ар урыст.

Дадэ и къэщІым сригъэтІысхьэри, дежьащ. ПІуэ ерухэнэха си щхьэщ баринэр жьым зэрихьэрт. Си нэр зэтеспІэри, сызэрыпасыпыфІэр зыхэсщІащ. МахуитІ хьуауэ лъэсу кьыззэпытча гъэгуанэ кІыхьым и ужькІэ, си дэлъхум кьулыкъу щищІэ дзэ частым и унафэщІым и шыгум сыкъыкутат! Къэна гъэгуанэр гуГъуэктэкъым, шы лъэрызехьэхэм зыуи къащІымыхъуу абы псынщІэу хагъэщІырт. ЗанщІэу ди шыгур зыгуэрым игъэсысащ. Си нэр кьызэтесхьэри, ди ижьырабгъумкІэ сабэр пшэ Іэрамэу уафэмкІэ дрихьэйрт. Дадэ зыкъыхуигъаззри, офицерым кьыпыгуфІыкІыу жиІат: «Ди зауэлІхэр губгъуэм зыщагъэсауэ къэкІуэжу аращ. Мыгувэу уи кьуэм уІущІэнущ».

Абы Мэлил къиутІыпщащ пщэдджьыжь хьуху. Арати, Дадэ дзэ частым пэгъунэгъу жащІр щыдгъэкІуэну Іуэпсэ кьиГъуэтащ. Унэр зей урыс щІыхуБзым пуд дыдэу пэш щхьэхуэ кьыдитащ. Абыи и щхьэгъусэр зауэм зэрыдэкІрэ илъэс ныкъуэ хъуат. Дадэ нэмэз щІын иуха къудейуэ, унэгуащэм, демыльІухХауэ, шей пщІыррэ хьэлы-гъэнэрэ асихьэзэгу кьытхтригъэуващ Іэнэм. «Гъэгум фыщІэзэшагъэнщ, зыгъэпсэху. Фыхуеймэ, хадэм пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкІрэ куэду щыыгъэтынущи, къэфхь хъунщ», - кьыджиІащ абы. ЦІыхухэр зэрыхуэхьулей щІагъуэ щымыІэми, абы щыгъуэм гуапагъэ кьеблэжьыр пшэм. Щхьэж хуэзэфІакІэ адрейм зыщІигъакъуэрт. Нобэр кьыздэсым си нэгум щІэтщ тэрч къэзакъэм ящыщу къэщІакІа а бзылъхугъэр.

Іэнэм Мэлилрэ сэрэ дызэбгъэдэсу дыщысащ, Дадэ ди гупэкІэ кьыщысу. СощІэж, ди анэм худигъэхьа лэкъымыр Мэлил и Іэ ижьымкІэ ишхыу, сэмэгумкІэ зыкъысщІимыгъэнщІу зэм си дамащхьэр икъуэу, зэми си щхьэм кьедэхащІэу дызэрыщысар.

Дызэрызэрымылъагъурэ зэман куэд дэмыкІами, си дэлъхум зихъэжьауэ кьысщыхъуащ: и щхьэщІр кІэщІу щІащІауэ, нэхъ гъур хъуарэ щыгъын къурэрэ зэщІ шырыкъурэ щыгъыу - уеблэмэ сфІэгуэныхьи хъуащ. СоупщІ: «Тэмэму фагъашхэркъэ?» «Тэмэмщ», - зы псалъэкІэ жэуап кьызетыж. «ИкъукІэ фыкърахуэкІ. Сэ езым слъэгъуащ сабэр дэфхуейуэ кьыззэрыжьыхьыр. Уышнэрэ?» - щхьэгъэпсыкъым си упщІэхэр. «Псори тэмэмщ», - аргуэру жэуап кьет.

Іэнэм дыкъыпэрокІыжри, унэм дыщІокІ, хадэм зыщІадолпІыхь, аргуэру дыщІохьэж. Сэ си упщІэхэм зым адрейр кІэлъызгъэпІащІу си дэлъхум сыкІэщІоупщІыхь. Зэм-зэм иужьгъуагъэщ - си щхьэц ууэзнаитІыр кьеубыд и Іэ нуу, сэлам зэтхьыжму дыхунэсатэкъым. Е абдеж нэсыху зыхэзмыщІарэ кьэхъур? Сыт хуэдизрэ сыГъами сщІэжыркъым. Дадэ щыму апщІондэху кьыткІэлъыплъащ, кьэтэджри, си дэлъхум и бгыр быдэу зыкъуэса си Іэштымэр зэтрихьжри, тэлайкІэ зыри жьмыІэу щыри дызэпльыжу дыщытащ. Иужьым бысым цІыхубзыр кьыщІыхьри, нэгъуэщІ пэш сыщІишащ: «ЦІыхухъэр хуиту зрырепсалъэ», - жиІэри.

Пщэдджьыжьым зыкъэущащ. Мэлил дзэ частым игъэзэжьи хуейт. Абы сэлам едмыкъж щІыкІэ, и гъусэу кьулыкъу зыщІэ щІалэ зыбжанэм Дадэ яцІыхури, кьелъэІуащ я Іыхьлыхэм я хъыбар яхуиІуэтэжыну. Дадэ чэнджэщхэр итыну фІэфІтэкъым, ауэ езым и щапхьэкІэ гъэзгу захуэр игъэльагъуэрт. Кьызэзхуэсахэми, си дэлъхури яхэту, сэлам щарихьыжьи, жиІар зыщ: «Гъэунэхуп Іэ шынагъуэ кьыфпэщыльщ. Кьыфхуащ Іуэхуф емыбакъуэ, жьлэм Іейкіэ закъыхэвмыгъэщ».

Псори абдеж щызэбгрыкІыжащ. Къэнар дэ щырат: Дадэ, сэ, си дэлъхур. Мэлил и Іэпэ сат пыІэр зыщхьэрихри, ди адэм кьыхуиштащ: «Схуэхъумэ, сыкъэкІуэжьых». Дадэ япэщІыкІэ ар кьыІиихри, зэман гуэркІэ икъуэу и ІыгъащІ, зэрыгузавэм и нэщэнэ кьыщІэкІынт. Ижькым абы и щхьэм Іэ дилъэщ (а зэращ апхуэдэу ди адэм ищІэу зэрыслъэгъуар), щхьэритІэгъэжри, жиІащ: «ПІы хуэдэу зехьэ».

Абдежым, гу лъыдмытэурэ жьжьэу щыта щыджан бзылъхугъэхэм ящыщ зым гъунэгъу зыкъытхуищІащ. Дыкъиуфэрэзыхьщ-дыкъиуфэрэзыхьри, кьызэрыщидзэнгр ищІэ кьыщІэкІынтэкъым, зы зэман зэ Дадэ зыкъыхуигъэзащ, си дэлъхум и дежкІэ епльэкІыурэ: «Къигъэзэжынущ. Фыкъаплъи фыкъэдаІуэ, псэууэ къигъэзэжынущ!» Дадэ ахъшэ кьрихащ, бзылъхугъэм ар кьызэрыжриІэу. АрщхьэкІэ модрейм Іыхьркъым: «Ахъшэ кьызэфтын щхьэкІэ жысІэжьым. Пэжыр ежьеІэуращ, Іэмал имыІэу кьигъэзэжынщ», - кьыгтрегъэзэж аргуэру. Дадэ ар хегъэзыхь ахъшэр Іихыну: «Хъунщ, ауэ уи бынэм ятебгъэкІуэдэнщи аращ ди цІэкІэ. Кьащтэ». Цыджан цІыхубзым хуэмеишцэрэ ахъшэр кьищтащ икІи хуэмурэ и щІыбагъ кьытхуигъэзэжащ. ЗдыІыжьым ясэщІыкъуэ и бостей ІэщхьэпэмкІэ е натІэм псы кьекІуар илъэщІа, е и нэпс щІилъэщІыкІа, сытми а бзылъхугъэр езгъэщхьакъым тхьэгъэпцІэхэм...

Илъэсрэ ныкъуэрэ дэкІащ икІи, пэжу, Мэлил кьигъэзэжащ. Ялп дыдэу 1943 гъэм и кІэм, уІэгъэ хьэпІэ хьауэ. ИужькІэ, и узынщагъэр зэтеувжа нэужь, зауэм игъэзэжащ. Зауэми кІэ иІэтэкъым, жэщ кІыхьхэр дыгузавэу екІуэкІырт, ауэ гугъэр хэтхьртэкъым ди Іыхьлыхэм къаГъэзэжьным. Илъэсым щІигъу дэкІауэ Мэлил аргуэру унэм къэкІуэжащ икІи мазэ дэкІри игъэзэжащ зауэм. Ар куэдрэ кьатхэртэкъым. И тхыгъэхэри кІэщІ дыдэт, зы щхьэкІи тхьэусыхэртэкъым. «Сыузынщэщ, псори тэмэщ. Фэ дауэ фыщыт? Зыфхъумэж. Алыхьым жиІэмэ, дызэІущІэжынщ». Мамэ я тхыгъэ кІэщІхэм есати, а мащІэми щхэу щыгуфІыкІырт, и къуэм зэрыжиІэм хуэдэу псори тэмэму зэрыщытыр и фІэщ ищІыну хэту. Ауэ жэщхэм а псалъэхэм шэч кьыщыщІрихьэжьым, апхуэдэ дыдэу щхэуу и нэпсыр щІилъэщІыкІырт. Жеинш жэщ дапщэкІэ сэри сыГъа си анэм сыкІэщІэлъу.

Апхуэдизрэ дызыгъэгузэва зауэр иухащ, ауэ Мэлил иджыри илъэскІэ дзэм кьулыкъу щищІащ, танкым дэс зауэлІ ныжьыщІэкэр Псков дежи щигъасэу. 1946 гъэм и бадзэуэгъуэм абы кьиГъэзэжьпащ. Мэлил иджы лІы балигъэу уІупльэрт, илъэсиплІ ипэкІэ Дадэрэ сэрэ абы сэлам щетхьжам епльытмэ. Тхъугъэ мащІи си щхьэцым хидза щІалэр, кьапщтэмэ, илъэс тІощІрэ хьрэ иджыри ирикъуатэкъым. Мэлил сыт щыгъуи гушыІэн фІэфІт, уэрэдхэр жиІэрт, ауэ иджы сеплъыртри, и нэ кьащхьэуитІым сыт хуэдиз гукъыеуэ щІэплъагъуэрэт! Зэи абы дыпкъфынуп-щІыхьакъым зауэм теухауэ. Нэхъыщхьэр - кьэкІуэжат ди Мэлил, уІэгъэ тельми. Ар сыт хуэдэ насыпышхуэт. Алыхьар абыкІэ кьытхуэупсат. Нобэр кьыздэсым гуапэу сигу кьызэрогъэкІыж а цыджан цІыхубзыр - абы жиІэр пэжт...

Зытхыжар **ЖЭМАН Ахьмэдщ.**

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Цыджаным жиІар

Балъкъэр Фоусэт Гъузер и пхъур, илъэс 18 и ныбжьы.

Кыщпэк къуажэ, 1943 гъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубз усакІуэ Балъкъэр Фоусэт и гуащІэмкІэ хуэзфІэкІащ лъэпкъ литературэм и тхыдэм дыщэпскІэ тхауэ и цІэр кьыхинэн. Фоусэт и Іэдакъэщ Іэкі купщІафІэхэр щызэхуэхьэсауэ тхьилъ щэщІым щІигъу дунейм кьытеухащ, абыхэми езы усакІуэ бзылъхугъэм и гуащІэми щыгъуэ псалъэхэр цІыху куэдым хужаІащ. Кьимылэжьауэ абыхэм зыри яхэткъым жьпІэмэ, пцы лъэпкъ хэлъкъым.

УсакІуэм и тхыгъэхэм дахэу кьыщыІуэтащ цІыхухэм я гупсысэр, я гуращэкр, я лІыхъужьыгъэр, я ІуэхущІафэхэр, абыхэм Балъкъэрым щигъэлъапІэр Хэкущ, абы и бын псэемыблэжхэм я лІыгъэ-хахуагъэрщ, лъагъуныгъэм и лъэкІыныгъэрщ.

Щхьэхуэу утепсэлъыхьыну кьалэжь темэ куэд къыщыІэта, куруу узыгъэгупсысэ, цІыху гъащІэм щыІэ ин щызыубыд Іуэхугъуэ щхьэпэхэм я щхьэфэ иІэбэ и поэмэхэм. Абыхэм ГъащІэм и лъэныкъэу зэмылІэужьыгъуэхэр сэтей кьащІ. ЖьпІэнурамэ, адыгэ усыгъэм зи кьалэмыр жану хуэзыгъэлэжьа цІыхущ Балъкъэр Фоусэт.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Къэбэрдейм и тхыдэм щыщІэрыІуэщ генерал-майор Даутокъуэ Заурбэч (1886 - 1919 гъгъ.; дунейм ехыжа нэужь, генерал-лейтенант цІэр къыфІащын хуейуэ унафэ кьащтащ). Абы и гъащІэмрэ Ящэ дунейпсо зауэм щызэрихьа Іыгъэмрэ теухауэ Чхендзе Константин итха «Прометей и лъахэ» повестыр (ди газетым тетащ абы щыщ ныкъыгъуэхэр).

ЗэрызауэлІ хахуэм нэмыщІ, Заурбэч усакІуэуи щытащ. Ди деж къэсар (е зэкІэ хэІуцІыІу хужьар) адыгэ щІалэм и зы тхыгъэщ. Ар итщ зи цІэ кьитІуа тхылъым. А зы усэри щыхьэт тохъуэ Даутокъуэ Заурбэч и Къэбэрдей хэкумрэ къызыхэкІа лъэпкъымрэ фІыуэ ильагъуэ зэрыщытам.

Нобэ теддзэ усэр абы урысыбзэкІэ 1913 гъэм итхащ, анэдэлъхубзэм ар къригъэзэгъауэ щытащ Уэрэсей Афлик.

СИ ЛЪЭПКЪЫР

ДАУТОКЪУЭ Заурбэч

Солъагъур щІыхьэпІэ, щІыхьэпІэ
шынагъуэ,
Си щІыфэр дэтхытхыу къыстехьэу
техьэтэ-ущ...
КІыфІ Іувым кьыхокІри, кьыхохьэ
си щІыхьым
Алъп шу абрагъуи кьоувэ си пащхьэм.
Сышынэу соупщІыр: «Уэ хэтхэ уарей?»
Нэщхьейуэ кьызэопльыр:
«Сэращ Къэбэрдейр...»

ЙокІуэтыр си шынэр, Іэнкуныр сІэщІоху:
Адыгэм кьыпэплъэр си нэгу
кьыщІыхьэху,
Сегупсысыху адыгэпсэр щІэтызым,
И напэм, и щІыхьым кьапэплъэ щІэдейм,
ЛъэмкІыІу, гузасэу си гущІэм зехуэ.

СоупщІыр аргуэру: «Уэра Къэбэрдейр?
Кавказым и мэлуу иджыри кьэсар,
Щхьэхуиту, мышынэу щІым тету есар?»
Аргуэру нэщхьейуэ:
«Сэращ Къэбэрдейр...»

- Уи гъащІэ нэхур, Къэбэрдей,
Уи лъагъунигъэр, хьыщІэж джатэр,
ХабзэфІ хэлъхэр пасэрейм,
Уи лІыгъэр дэнэкІэ щыхэтыр?

Уи уэрэдыжьхэр, уи нарт лІыгъэр,
Нэпс гуащІэу напІэр щІэзысыкІыр,
ЩІалэгъуэ хъыжьэм и Іэлыгъэр
ДебгъэдзэжакІэ хьэрэкъуакІэ?

Бэвыгъэр зи нэщэнэ хьэсэр,
Уи кьурышпс уэрэху кьыпхуэІэсэр,
Губгъэшхуэм хуиту щикъухьа
ХэкІуапщІэ куэдыр дэнэ пха?

Адыгэм кьыддалъхуа зышыІэр,
Пхэлъа Іущыгъэр дэнэ щыІэ?
Кьызэтена иджы ди хабзэр:
Нэхъыжьым, хьэщІэм хуэтщІ нэмысыр?

Щыхэтыр дэнэ лІым и псалъэр?
Зэкъуэщыныгъэ щапхъэ щщалъэр?
ЩыгъупІастэм и щІэр ягъэну,
Хъуэхъу дахэр щыІу адыгэ Іэнэр?

А псори мы дуней емынэм
Иужьыгуу, гум щыжежа,
Уи фІэщ мыхъужу уи кьэкІуэнур,
Мы гъащІэм укьыхэнэжа?

ПлъэкІыну, тхыдэм ятелъ и щыхуэм,
ЗыпхуэмыІэту, плІэр нуху,
КьыхэмыщтыкІыу ину гъур, уи псэр
Иджы зепхэну адыгэщІэр?

... Губжьауэ шу уардэм жэуап кьызидзар,
Блэ фІыщІэ щэрэзу, си гущхьэм пхидзащ.
АрщхьэкІэ згъуэтыжщ дэрэжэгъуэ
щІэрыщІи,
Мы си гум кьеуэн щІидзэжащ
мащІэ-мащІэу:

- Сабийуэ псэ махэ, щхьэ уи гум ихуа
Си лъэпкъым игъащІэм пэуКІэу иІар?
ЩхьэуитІ ящІэхуа - зыхъумажьм
зи хэкур
Ахърэтым кьыщожьэ жэнэтым и жьэгур.

Сыт щыгъуи мы псалъэхэр уи гум игъэлъ,
Апсалъэхэр ныпу лІыхъужьым Іэщ Іэлъщ:
«Щуеймэ и нэмысыр, и щІыхьыр зыІэтыр
И Хэку кьихьа бийм иращІэкІ
кьэзэуатырщ».

Зыми емыщхь

90

Адыгэ киноактёр цІэрыІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Молей Барэсбий къызэралъхурэ накъыгъэм и 28-м илъэс 90 иригъащ.

МОЛЕЙ Барэсбий Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм 1930 гъэм къыщалъхуащ. И сабиигъэр Хэку зауэшхуэ зэманым хиубыдащ. Курыт еджапІэ нэужьым ар щІэтІысхьащ театр гъуэзджэжьмкІэ Луначарский Анатолий и цІэр зезыхьэ къэрал институтым. Иджыри щыстудентэ зэманым кином щыджэгуащ, зэфІэкІ кьиГъэлъагъуэу, образ гукъинэжхэр кьехъулІэу.

Совет Союзым, Урысейм я кинематографие гъуэзджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ Молей Барэсбий. Ар гукъинэжу щыджэгуащ кинорежиссёр цІэрыІуэ Лотяну Эмиль Горький Максим и Іуэтэжьым къытрищІыкІа «Табор уходит в небо», «Бэла: Герой нашего времени», «По следам Карабаира», «Расстанемся, пока хорошие», «Вершины не спят», «Любовь моя, печаль моя», «Раненые камни», «Загадка кубачинского браслета», «Буйный Терек», «Снег в сентябре», «Лавина с гор», «Осенние колокола», «Всадник с молнией в руке», «Тайна рукописного Корана» художественнэ фильмхэм. Телевиденэ, театр проектхэр хэмыту, ар фильм тІощІым щІигъум щыджэгуащ. Молей Барэсбий и иужьрей лэжьыгъэ хъуащ «Дорога на край жизни» фильмым щищІа Исмэхьил лІыжьым и ролыр. КъищынэмыщІауэ, 1965 - 1991 гъэхэм ар жыджэрэу хэтащ сериалхэмрэ кинопроектхэмрэ.

Кинокритикхэм къызэралъытэмкІэ, Барэсбий игъэзэщІа ролхэр гукъинэжхэу щащІ икІи купщІэ зиІэхэщ. Молейм и лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр кинематографием и дыщэ фондым хьыкащ. Театр гъуэзджэмрэ кинофильмэ илъэс 50-м щІигъкІэ хуэлэжьа актёр цІэрыІуэм и ныбжьыр илъэс 81 хъуэу 2011 гъэм дунейм ехыжащ. Молей Барэсбий цІыхухэм ящыгъупщэнукъым, ар зыхэт лэжьыгъэхэм цІыхубэм зыхуагъэзэхукІэ, щыджэгуа фильмхэм щІэупщІэ яІэхукІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● ХъыбарегъащІэ

Тхылъхэр иджыри вгъэхьэзыр хъунущ

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм иригъэкІуэкІ республикэ зэпеуэхэм хэтыну хуежьащ я тхылъхэр зыщІэ ІэнатІэм и портал (smikbr.ru), апхуэдизи мы телефонымкІэ фыпсалъэ хьунущ: 8 (866) 42-39-81, e-mail: otdel_smi_kbr@mail.ru

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Егъэджэныгъэ

НэхъыфІ дыдэхэм хабжэ

«РАЕХ-100» фІэщыгъэр иІэу УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я рейтингыр къащІыпІэу илъэс къэскІэ екІуэкІ лэжьыгъэм кърикІуахэр иджыблагъэ наІуэ къэхъуащ. Мыбы и кьыззгъэпэщакІуэхэм статистикэ и лъэныкъэ кІэ университетхэм яІэ щытыкІэм къыдэкІуэу, тегъэщІапІэ ящІащ щІэныгъэрыльжьхэм, студентхэм, еджапІэр къэзыухахэм, Іуэхуапіапіэ щхьэхуэхэм я деж щрагъэкІуэкІа пкърыупщІыхьныгъэхэм кърикІуахэри. Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зи гугъу тщІы рейтингым нэхъапэм щиІыгъа 96-нэ увыпІэм икІри, 88-нэм нэсащ. Апхуэдизу, «Экономикэмрэ унафэ щІыныр» унэтІныныгъэмкІэ къэралым и еджапІэ нэхъыфІхэм хабжащ.

РЕЙТИНГЫМ къызэригъэлъэгъуамкІэ, иужьрей илъэсхэм къэралым бжьыпэр щызэІыІыгъ еджапІэхэм я Іуэхум зихъэжакъым. Сыт щыгъуи хуэдизу, Москвэрэ Санкт-Петербургрэ дэт МГУ-р, МФТИ-р, НИЯУ, МИФИ-р, СПбГУ-р, НИУ ВШЭ-р, МГИМО-р къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэ нэхъыфІхэм ящыщу къалъытащ.

КъБКъУ-м ехьэлІауэ екІуэкІа пкърыупщІыхьныгъэхэм кьагъэлъэгъуаращ: щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр еджапІэм щыщІагъэхуэбжьащ, хамэ къэрал еджапІэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэр щрагъэфІэкІуащ, Іуэхущ Іапіэхэр нэхъыбэм щІэупщІэ хъуащ университетыр къэзыуха Іэщ Іагъэлілэм, нэгъуэщІхэри.

- Иджыри кьытпэщылъщ Іуэнэхуныгъэ нэхъыщхьэхэр, - кьыхигъэщащ «РАЕХ-100» рейтинг агентствэм и унафэщІ Гришанков Дмитрий. - Еджапіэ нэхъыщхьэхэм я щыІэкІэм зэхъуэкІыныгъэ куэд кьыхилъхьащ дуней поор зэщІзэзыбла коронавирусым, икІи нэхъыбэу кьыхэгъэщыпхъэщ егъэджэныгъэм интернет технологиехэм зэрыщызыюбгъуар. Иджыри зэманым декІуну зи мурад дэтхэнэ еджапІэмэ интернет Іэмалхэр нэхъри зыубгъуауэ къыщагъэсэбэпын хуейщ.

Абы и Іэныкъуэкіэ КъБКъУ-м и лэжьыгъэр екІуу зэтеубла зэрыхъуар кьигъэльэгъащ республикэм и еджапІэхэр дистанционнэ Іэмалым щыхуэкІуам: орепкЪэзи интернет-платформэм щрагъажьэри, екъутІеныгъэкІэ еджэгъуэ илъэсыр и кІэм нагъэсащ. Апхуэдэу, ди зэманым нэхъ зыщІэупщІэ Іэщ Іагъэлъэгъуар илъэс къэс университетым унэтІныныгъэщІэхэр къыщызэІуах.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Адыгэ бзылъхугъэ

Дуней псом зезыгъэхъуэжыну жызыІэфхэм сащыщкъым

Бад Беллэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкІэ и факультетымрэ КъБКъАУ-м менеджментымкІэ и магистратурэмрэ къиухащ. Иужьрейм и ЩІэныгъэм зэрыщыхигъэхъуам и ФІыгъэу абы къелъытэ иджыблагъэ Налшык къалэ округым и Централизованнэ библиотекэм и унафэщІ къулыкъур къыщыхуагъэлъагъуэм зрипщытэм зэрыгетэгушхуар.

- СИ САБИИГЪУЭМ сызыщІэхъуэпсу щыта ІэщІагъэхэр сиГу къэзгъэкІыжмэ, пэжыр жысІэнщи, сабийхэр згъасэу е библиотекэм сыщІэту си нэгу къыщІэзгъэхьэу щытащ. КъищынэмыщІауэ, класс нэхъыжьхэм сыщыщІэсым ди къалэ щыпІэ администрацэм сыщылэжьэну е журналист сыхъуну сыщІэхъуэпсырт, - жеІэ Бадым.

Беллэ и хъуэпсапІэхэр къехъулІауэ жыпІэ хъунущ. Ар илъэси 9-кІэ (2011 гъэм къыщыщІэдзауэ) щылэжьащ Налшык къалэм и щыпІэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм, иджы библиотекэм и унафэщІ хъуащ, абыи и къару ирихьэлІэнущ.

- Налшык къалэм и щыпІэ администрацэм сыщыщылэжьам библиотекэхэм я лэжьыгъэм нэхъ кууу зыщызгъэгъуэзащ. Къапщтэмэ, абдежщ къыщысщІар ди къалащхьэм муниципальнэ библиотекэу 17 зэрыдэтыр, а псом я лэжьыгъэр зым зэрепхьажар, - жеІэ Беллэ. - Іэнатіэм сыгъегушхуауэ сыпэрихьащ. Хэт ищІэрэ, мы Іуэхум сызэрыдихьэнущ абы и щхьэусыгъуэр. Абы щыгъуэми къызэгуроІуэ жэуаплІныгъэ ин мы лэжьыгъэм зэрыпылъыр. Библиотекэм и штатыр инщ, нэхъыбэр илъэс 30-м нэблэгъауэ мэлажьэ. Сыщогугъ абыхэм я зэфІэкІымрэ си щІэныгъэмрэ зэуІу тхуэщІыну, - жеІэ абы.

Интернетыр къызэрежьэрэ библиотекэхэм екІуалІэр хуэмурэ нэхъ мащІэ зэрыхъуэрэ зыми и дежкІэ щэхукъым икІи Бадыр зыпэрыува Іэнатіэм и гугъуэхь нэхъыщхьэр зэпхар аращ. Абы къыхэкІыу Беллэ ягъэ зэлэжьыну зыхуигъэувыж къалэнхэм ящыщщ библиотекэхэм я Іуэхутхьбзэкэр щыхуэхэм къагъэсэбэпу щІыжыныр.

- Библиотекэм щдагъэкІуэкІ хабзэ зэхуэсхэм еплъыкІэщІэ хэлъу дяпэкІэ къызэрызэдгъэпэщыным дегупсысын хуейщ. Іуэхущ Іуэпэр тхьылъ ущеджэ щІыпІэ къудейуэ щымыту, зэман лей зиІэм, псом хуэмыдуэ ди щІалэгъуалэм, абдеж зэрызыщагъэпсэхуфыну Іэмалхэри къэдгъэутын хуейщ. Библиотекэм сэбэп пылъу сыкъэтитІ щыбгъакІуэмэ нэхъыфІкІэ, Іуэхуншэу ущыс нэхъри?! - жеІэ ди псэльэгъум.

Беллэ тхылъ еджэнкІэ зэрыфІэфІым и мызакъуэу, ар зэригъэпэлІэми шэч хэлъкъым. Абы и щыхьэтщ тхылъ еджэным къыхуриджэу блог щхьэхуэ къыщэригъэпэщауэ зэрыщытар. Иджыпстуи абы гулъытэ хэха хуищІыну и мурадщ Іуэхущ Іапіэм и сайтым зэрызригъэужьыну щыкІэм, библиотекэм щІыху нэхъыбэ къызэрыришэлІэнум.

- Дунейм зезыгъэхъуэжыну жызыІэфхэм сащыщкъым. ПыухыкІауи мурад сиІэ-къым, Іэнатіэм сызэрыпэрихьэу Іэжьакіуэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр схъуэжыну. Ауэ икІи къыдгурыІуэн хуейщ ди лэжьыгъэм щІэ гуэр хэтлъхьэну игъуэ зэрыхьуар. Зы пІэм уиуджыхьу уитыныр къезэгъыжыркъым, - кІыхьегъэщ абы. - ЗэрытщІыщи, библиотекэхэм нэхъыбэу екІуалІэр ныбжьыщІэхэмрэ зи ныбжь нэхъ хэкІуэтахэмрэщ. Дыхуейт щІалэгъуалэри лэжьакІуэхэри абыхэм къахьихьэну. Иджыпсту дуней псом къыщежьэкІ коронавирус уэыгъэр Тхьэм жиІэрэ къызэдэкІмэ, ахэр къызэрыдэтхьэхьыным Іэмал имыІэу делэжьынущ. Абы щхьэкІэ литературэм щІэуэ кІыхьихьэхэр библиотекэхэм зыІэрагъэхьэпэщ. Ар Іуэху тыншкъым, ауэ дыщогугъ ди унафэщІхэм ди Іуэхур къыддаІыгыну. Къызэрихэзгъэщащи, Налшык къалэм хьэблэ къэс ди библиотекэм и кІудамэхэр щыІэщ икІи сыхуейт абыхэм пэгъунэгъуу псэухэр зэрыунагъуэу ахэр я кІуапІэ зэхуэсу, я зэманыр щагъэкІуэну. Псалъэм папщІэ, фильм ГъэщІэгъуэнхэм щеплъу, кІыщыщэрагъэпэщ зэхуэсхэм кІыхьихьэу, лекцэ щхьэпэхэм щедалъэу. Апхуэдэущ ди лэжьыгъэр зэрыдунэтІынур. Библиотекэм лэжьыгъэ хуэдэ епхащ, ауэ абы и лэжьакІуэхэр зи Іэщ Іагъэр фІыуэ зыльагъу, абы хэзыщыкІ защІэщи, сыщогугъ зыхуэдгъэувыж къалэнхэм дыпэлъэщыну!

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ланэ и псэм егъэпІейтей

Эстониемкі цІыхухэм ялэІэщІэу (дистанционнэу) щекІуэкІа «МузКиноФест» зэпеуэм щытекІуащ КъБКъУ-м и «Аммис» театрым уэрэдымкІэ и студием и унафэщІ Къул Ланэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ирагъэхь хъуну щытащ уэрэд жаІэу траха видеохэр. Абы щыгъуэми къызэгъэпэщакІуэхэм коронавирусым и зэранкІэ дуней псор зэрыт щытыкІэр къалъытэри, зыми паубыдакъым лэжьыгъэхэр зэрытрахыпхъэ жыпхъэр зыхуэдэнур. Уеблэмэ ахэр хэпІлащ уэрэджьыакІуэхэр нэхъ ипэкІэ зыхэта пшыхьхэм къыхахыжа видеохэми унэм дежь щытрахахэми.

Къул Ланэ зэхьэзэхуэм игъэхьащ «Служебный роман» фильмым папщІэ ятха «Моей душе покоя нет» уэрэдыр.

- Видеор телефонкІэ унэм щытетхащ. Пэжыр жысІэнщи, екъуІэныгъэ гуэр къэсхьыным шэч къытесхьэрт, уэрэдыр зэрызгъэзащІэм арэзы сыкъэшцыжыртэкъыми. Ауэ къызэрэзэпэщакІуэхэм иджыблагъэ письмо къыскІуагъэкІуащ, зэхьэзэхуэм ящ нагъыщ зиІэ и дипломыр къызэрысхуагъэфэщар иту, - жеІэ Ланэ. - Зэпеуэм сыхэтыну чэнджэщ къыщызатам, куэдрэ сыгупсысакъым - лэжьыгъэмрэ утыкумрэ сахуэзэщат. Цыхум ятІэщІэу къызэрагъэпэщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм, дауи, щхьэхуэныгъэхэр яІэжщ - зыгуэрым узэрыпеуэр щызыхэпщІэркъым, зэрыхабзэу, угузавэркъым. ИтІани, икъукІэ си гуапэщ апхуэдэ зэпеуэми сызэрыхэтар, къэпщытакІуэхэм си лэжьыгъэр къызэралытар.

Жылагъуэ Іуэхум дехьэх

● Гъуэгу къежьапІэ

Іэхъуэбгч Бэллэ КъБКъУ-м юриспруденцэмкІэ и факультетым и 4-нэ курсым щоджэ. Ар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо партым и «ЩІалэгъуалэ гвардием» и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм Бахъсэн къалэм щиІэ щІыпІэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым хэтщ, апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и 6-нэ зэхуэсыгъуэм и депутат Бечеловэ Людмилэ и дэІэпыкъуэгъуэщ.

- 2017 гъэм КъБР-м и ЩІалэгъуалэ центрым и зы проектым - КъБР-м и политик ныбжьыщІэхэм я школым - сыхэта нэужь, жылагъуэ Іуэхум сыдихьэхащ. ЕджапІэр къыщІызэрагъэпэщар ныбжьыщІэхэр утыку ихьэфу, социальнэ мыхьэнэ зиІэ жэрдэмхэр пхагъэкІыфу ягъэсэнныгъэт, апхуэдэуи щІалэгъуалэ политикэм ягъэзэжьынныгъэт, - жеІэ хъыджэбзым. - А Іуэхум хэтат КъБР-м и Жылагъуэ палатэм епха ЩІалэгъуалэ советри. МазитІ дэкІри, советым и секретару сыхахат. Абдеж щегъэжьауэ щІалэгъуалэ зэхуэсхэм нэхъ жьыдэжру сыкІуэн щІэздзащ. Иджыпсту къехьэкІ-некьэкІ хэмылъу схуэжьІэнущ жылагъуэ лэжьыгъэр зищыщкІэ Іуэху къызэгъэпэщыкІэмрэ къыщыщІар зэрыабдежыр.

ИужькІэ Іэхъуэбэчыр «ЩІалэгъуэ гвардие» зэрыпсоурэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм жьыдэжру дэлажьэу щытащ. Мыгувэу а зэгухьэныгъэм Бахъсэн къалэм щиІэ щІыпІэ къудамэм и унафэщІым и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ къыралъхьащ. Бэллэ абдеж щилэжьыгъэу арати, проектыр зэхэгъэувэнымкІэ Москва щыІэ ди штаб нэхъыщхьэм хэтхэри къыздэлэпыкъащ, - жеІэ Іэхъуэбэчым.

Проектыр щигъэзащІэм Бэллэ къыздэлэпыкъащ зэгухьэныгъэм хэт щІалэгъуалэр. «ФІыщІэ яхуэозу! зыкъысщІэзыгъэкъуа псоми. Псалъэм папщІэ, «Насып» рестораным и унафэщІ Быф Ритэ пщІэншэу пэшышхуэ тхухихауэ щытащ. ЦІыкІуэхэр ягъэгушхуауэ республикэм и артистхэу Къаздэхъу Мухьэмэд, Жыгун Эдуард, ГъукІэ Ислъам, Мэремкъул Ибрэхьим, Ацумэхэ Ибрэхьимэ Джульеттэрэ, къафэмкІэ «Амра», «Бахъсэн ауэ» еджапІэхэм зыщыщыгъасэхэр», - жеІэ абы.

Бахъсэн къалэм и курыт еджапІэ псоми къыхащауэ (унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм ящыщу) а махуэм я нэгу зрагъэужьащ сабии 100-м щІигъум икІи зыхуэныкъуэхэмкІэ зыщІагъэкъуащ.

КъищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ зы проекти, «PROчтение клуб» зыфІищар, Бэллэ щигъэззэщІащ Бахъсэн къалэм.

- ФІыуэ къызэгуроІуэ жылагъуэ Іуэхум уэхтКІэ узэрыпсэун дабы къызэрыпэмыкІуэнур икІи къэкІуэнут зэрыкъуейр. Ауэ иджыпсту мыбы гурэ псэкІэ сыхэтщи, Іэщ Іагъэ ззэгъэгъуэгъэ сыт хуэдэу сУФэфІу щымытми, зэкІэ абы си лэжьыгъэр есПхыну сегупсысыркъым. Абы мащІэу сегъэгузавэ, ауэ, хэт ищІэрэ, къзэухмэ, нэхъ нэрылъагъу хъунущ псори. Зэкіэ щэн къызытеэмыкъэр зыщ - жылагъуэ Іуэхум сыхэтыну сызэрыхуейщ, - жеІэ Бэллэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Яхуэдэ щыІэу пІэрэ?

Урысейми Европэми къикІыуэрэ XVII - XIX лІэщІыгъуэхэм Адыгэ Хэкур зрагъэлъагъуну къакІуэу щыта щІэныгъэлІэхэмрэ къэхутакІуэхэмрэ гу лъамытэу я къэнакъым адыгэ бзылъхугъэхэм я къабзагъэмрэ Іэкіуэлъакіуагъэмрэ, шхыныгъуэ гъэхьэзырыныжрэ дэн-бзэныжкІэ абыхэм яхуэдэ зэрыщымыІэм.

АБЫХЭМ ящыщ зым адыгэ бзылъхугъэхэм я Іэщ Іагъэм пщІэшхуэ хуищІу, ар нэгъуэщІ лъэпкъхэм яригъэщІэн щхьэкІэ, мыпхуэдэу итхыгъат: «Адыгэ бзылъхугъэхэр адрейхэм я кІащхьэщокІ зэрыІэкІуэльакІуэмкІэ, ЩІалгъэ дахэ зэраІэмкІэ. Абыхэм Іэкіэ зэгуадар мыпІэпІыжуэ, езы щыгъыныр мэлажьэ. Адыгэ бзылъхугъэхэм я дыщэидэр хуабжьу быдэщ, къызэрымыкІуэу дахэщ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ абыхэм ямыгъэзащІэми, уольагъу я Іэпэ-сагъыр, сыт хуэдэ Іуэхуми зэрыхуэягъэхуэр».

Эдмонд Спенсер Инджылызым къикІыу XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм Адыгэ къэралыгъуэм куэдрэ щыхьэщІа нэужь итхыжа «Путешествия в Черкесию» тхылъым адыгэ бзылъхугъэхэм ятеухуауэ мыпхуэдэу щыжеІэ: «Сэ сльагъу зэпытт гуащэм ипхъуэхэр и гъусэу дыщэидз ящІу. Мы Іэщ Іагъэ хэхам хуэфащэн зэман тракъэгъуадэ бзылъхугъэхэм. СызихьэщІэ унагъуэм из бзылъхугъэ псоми, пасэрей гуащэхэм ещхьу, цы, чэтэн хуэдэхэр зэІуащэрт. Адыгэ бзылъхугъэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІ хьэпшыпхэр езым я унагъуэ закъуэртэкъым щІащІыр. Абыхэм махъшэцымрэ бжэнщцымрэ зэІуащэрт пІэтепхъуэ хьарзынэу, дахэ дыдэу ящІ уанэгу щхьэнтэхэмрэ шы Іэпсльэпсхэмрэ, кьамальэхэмрэ сэшхуальэхэмрэ. Шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэ гъэхьэзырынымрэ тхъу еуэнымрэ щыхуэкІуэм ди бзылъхугъэхэм я дахагъэмрэ Іэкіуэльакіуагъэмрэ гу лъитэри, и тхылъым иритхэгъат: «Абыхэм я бзылъхугъэхэр цІэрыІуэ гъэсэныгъэ дахэ зэрахэлъымкІэ. Ахэр хуэпащ дагъэмрэ шы Іэмрэ я къыхэщІыкІа, дыщэкІэ хэдыкІа щыгъын хуэжь дахэкІэ. Абы я хэкум дежщ «тал» зи цІэ щэкІыр щыІэзІуащэр. Ар «дибаки» щэкІым нэхърэ нэхъ пІащІэщ, ауэ Іэджэкіэ нэхъ быдэщ».

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

Волонтёрым и къалэным полъэщ

«Волонтёры-медики» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыщэригъэпэща, зи ныбжь хэкІуэтахэм защІэгъэкъуэнымкІэ щыналъэ волонтёр штабым хэтхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжыр коронавирусым и зэранкІэ гугуъехь хэт нэхъыжьхэм ядэІэпыкъунырщ. Абыхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэмрэ езыр жылагъуэ Іуэхум зэрыдихьэхамрэ теухуауэ штабым и унафэщІ Къащущэ Залинэ жиІэм фыщыдогъэгъуазэ.

- НАЛШЫК сыкъыщыхъуащ, 25-нэ курыт еджапІэр зэхухащ. СыщыщІыкІым дзэм къулыкъу щыщІэну сыкъэзгъэпсу щытащ. АбыкІэ си адэр щапхъэ сихуэхъуэу арагъэнт. Зыхэслъхьэ щымыІэу сфІэфІт зауэлІ фащэр. Ауэ си адэм си мурадыр къысхуигъэдэхакъым, ар щІыхуб Іэщ Іагъэу къызэримыльытэр къыхигъэщри. Си анэм медицинэм сыкуеджэну нэхъ тригъащІэрт. Иджы грогуфІэ тІуми жаІам сызэредэІуам. Иджыпсту институтым сыщІэсщ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъэтыну иужь ситщ.

Волонтёр лэжьыгъэм школ зэман лъандэрэ сыхэтщ, ар си псэм пэгъунэгъу Іуэхущ. Ялэм волонтёрэр унэтІыныгъэкІэ зэщхьэщыхаяу лажьэу щытакъым, абы къыхэкІыу сыт хуэдэ Іуэхуми зетпщытырт. Абы щыгъуэми си закъуэ псэу дадэ-нанэхэм я деж дыкІуэрт, дадэІэпыкъурт - я унэ зэлъыІухьынми, хадэм илэжьыхьыкІ хуей хъуми. Махуэшхуэхэр къыщызэрагъэпэщкІи, я Іуэхухэм жьыджэру дыхэтт. Псом хуэмыдэу пщІэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэу къытлытэрт Текіуэныгъэ Иным ирихьэлІэу Георгий Щихьым и цІэкІэ щыІэ лентІыр цІыхуэхэм яхуэгуэшыныр. А псом сэ сыдихьэхырт, махуэ къэси ахэзэ Іуэхухэм сыкэтыфынут.

Школ нэужьым КъБКъУ-м и медицинэ колледжым сыщІэтІысхьэри, илъэсиплІкІэ сыщеджащ. Ялэ махуэхэм щегъэжьауэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр едгъэкІуэжащ икІи мыгувэу университетым и Студент советым и унафэщІым и къуэдзэу срагъэблагъащ. Седжэхуэкіэ «Волонтёры-медики» жылагъуэ зэгухьэныгъэм сыхэтащ, 2019 гъэм и мазаем къыщыщІэдзауэ абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и щІыналъэ координатор сащІащ. Дызэрыт илъэсым и гъатхэпэмк жауэ ялныгъэ и зи зыпылъ Іуэху си пщэ къралъхьащ, коронавирус узыфэм зэрызиубгъум къыхэкІкІэ унэм щІэсын хуей хъуа нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэнымкІэ щІыналъэ щтабым и унафэщІ сащІри. КъыхэзгъэщІхьэу къызэлъытэ апхуэдэ Іэнатіэхэр иджыпсту Урысей Федерацэм и щІыналъэ 85-м зэрыщылажьэр.

Си волонтёр гупым хэтхэр я зэмани къарри емылІажу Іуэху гуапэм йолэжь. Нэхъыбэр медицинэ еджапІэхэм щІэс студентхэращ. Штабым лэжьэн щыщІидзагъащІэм нэхъыжьхэмрэ я узыншагъэкІэ тхьэмахуитКІэ унэм щІэсын хуейуэ зыхуэтахэмрэ ядэІэпыкъуну Іуэхум къыхыхьахэм я бжыгъэр 100-м нэсу щытакъым. Иджы щІыху 250-м щІигъащ. Республикэм и район псоми дыщолажьэ - ерыскъыхэкІхэмрэ хущхьуэхэмкІэ нэхъыжьхэр къыздыдогъэпэщ. Къапщтэмэ, нэгъэщІ Іуэхутхьбзэ зэхуэсмэдэ куэдкІи щыхуэзэ зыкъыщыхуагъаззэ щыІэщ.

Шэч хэмылъу, ущеэзэши щыІэщ мыпхуэдэ Іуэху мытыныши щыпсрыткІэ. Ауэ уи къалэныр зэфІэбгъэкІрэ абы щыхур иригуфІэу щыпІъагъукІэ, уи къарур пхуобэгъуэж. Сом гуэр къыщымыкІуэу мыпхуэдэ лэжьыгъэ дыдэщІ зэрыщыгъуэ. Сом гуэр къыщыгъуэрэ ящІ. Абы къыхэкІыу щыхуэхэм я пащхьэ къытпхьэну зи яужь дихьэ видео лэжьыгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи къызыхуэтынщІу зэхэдгъэувэфу зедгъэсэн хуейщ. КъищынэмыщІауэ, зыщыдгъэгъупщэхъунрэ ди зэманым Іэнатіэ куэдым къызэрагъэувыр компьютерымрэ абы и Іэмалхэмрэ нэгъэсауэ къыпхуэгъэссбэпу щытын зэрыхуейр. Ахэр къэлъытауэ, ди школым ныбжьыщІэхэм лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ зэрызыщыжьынум и ужь дитынущ, - жеІэ Алинэ.

Егъэджэныгъэ Іуэхум абы къришэлІэну и мурадщ видеом елэжь Іэщ Іагъэлъапіэр, журналистхэр. Абыхэм щІалэгъуалэм иратыну дерсхэм къыщыгъэмыщІа, камерэр къызэрыгъэсбэпыпхъэм, зэрытрах Іэмалхэм, зэрелэжьыныхьэм, псоми хагъэгъуэзэнущ. Апхуэдэ дерсхэр мазэм и кІуэцІкІэ екІуэкІынущ.

Хъубийм къыхегъэщ школым щызэхуишэсыну гупым адэкІи а Іэщ Іагъэм зэрыпащэнумкІэ зыщІагъэкъуэну зэрыхьэзэрыр. «Республикэм щыщ Іэщ ІагъэлІэхэм къыщымэщІа, щІалэгъуалэм ядэдгъэлэжьэнущ нэгъэщІ щІыналъэхэми къытшынуэр. Абы и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъуэгъу къытхуэхъунущ «Росмолодёжь» Іуэхущ Іапіэр», - къыхегъэщ абы.

Дерсхэр ныбжьыщІэхэм я дежкІэ пщІэншэу щытынущ. Апхуэдэу еджагъуитІ къызэрагъэпэщынущ, цІыху 30 хуэдиз яГэсэнущ. Дерсхэр щаухкІэ еджакІуэхэм видео лэжьыгъэ зырыз яГэсхьэзырын хуейщ, социальнэ Іуэхухэм, е щхьэж дзэныхьэхэм ятеуухуэу.

- Сыщогугъ еджэгъуэ зэманым къриубыдэу ныбжьыщІэхэм гуп-гуп защІу зэдзэлэжьэну. Зи закъуэ лэжьэну хуейми абы чэнджэщкІэ дыдэІэпыкъунущ. Зыгуэр ебгъэджэхукІэ уэ езыми уи къуэхьым зеужь. Курсым къэкІуэну еджакІуэхэм сэри зыгуэр къызэрызагъэщІэнум шэч къытесхьэркъым, - дыщІегъу Алинэ.

Абы дызэрыщІэгъуэзамкІэ, еджакІуэхэм практикэ лэжьыгъэм и кІэм деж республикэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм гупу яшэнущ. Алинэ зэрыжиІэмкІэ, къихьа ахъшэ саугъэтымкІэ школыр зыхуэныкъуэ техникэхэмкІэ зэман гъэнэгъум къызэрагъэпэщынущ.

- Псом хуэмыдэу мыр творческа лэжьыгъэу аращ. ЗэрыпщІэншэр екъэплъытэмэ, видео техыним дихьэх цІыхуэм и деж ІэмалыфІу къызолъытэ. Лекцэ хэх Инстаграмым эфир защІэкІэ дихьэнущ, цІыхуэхэм ди дерсхэмкІэ дадэгъэшынуэ. Ари щхьэпэну къызолъытэ, 2020 гъэм онлайн-егъэджэныгъэм щІэупщІэ иІэ зэрыхъуам къыхэкІыу, - жеІэ Алинэ.

ТЫІЭЩ Милэ.

Еджапіэ щхьэпэ къызэІуех

ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ федеральнэ агентствэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм ахъшэ саугъэт къыщыратащ Хъубий Алинэ. Абы и проектыр теухуащ видеографиемкІэ иджырей школ къызэрызэІуихьныж. Алинэ езыр а Іуэхум дехьэх, уеблэмэ Москва къалэм ГИТР-м киномрэ телевиденэмрэ я продюсер Іэщ Іагъэм илъэсрэ ныкъуэкІэ щыхуеджащ, иужьым Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым журналистикэмкІэ и къудамэм зригъэдзыжащ.

ХЪЫДЖЭБЗЫМ къелъытэ игъэхьэзыра проектыр псом япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыхуэщІэзэнуэр. «Си ныбжьыщІэхэм Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къытлъхьэу иужьрей зэманым увыпІэшхуэ иубыдащ Инстаграмым. Пэжыр жысІэнщи, уеблэмэ, си анэшхуэмэ абы напэкІуэцІ щиІэщ. Абы къыхэкІыу цІыхуэхэм я пащхьэ къытпхьэну зи яужь дихьэ видео лэжьыгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи къызызыхуэтынщІу зэхэдгъэувэфу зедгъэсэн хуейщ. КъищынэмыщІауэ, зыщыдгъэгъупщэхъунрэкъым ди зэманым Іэнатіэ куэдым къызэрагъэувыр компьютерымрэ абы и Іэмалхэмрэ нэгъэсауэ къыпхуэгъэссбэпу щытын зэрыхуейр. Ахэр къэлъытауэ, ди школым ныбжьыщІэхэм лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ зэрызыщыжьынум и ужь дитынущ, - жеІэ Алинэ.

Егъэджэныгъэ Іуэхум абы къришэлІэну и мурадщ видеом елэжь Іэщ Іагъэлъапіэр, журналистхэр. Абыхэм щІалэгъуалэм иратыну дерсхэм къыщымэщІа, камерэр къызэрыгъэсбэпыпхъэм, зэрытрах Іэмалхэм, зэрелэжьыныхьэм, псоми хагъэгъуэзэнущ. Апхуэдэ дерсхэр мазэм и кІуэцІкІэ екІуэкІынущ.

Хъубийм къыхегъэщ школым щызэхуишэсыну гупым адэкІи а Іэщ Іагъэм зэрыпащэнумкІэ зыщІагъэкъуэну зэрыхьэзэрыр. «Республикэм щыщ Іэщ ІагъэлІэхэм къыщымэщІа, щІалэгъуалэм ядэдгъэлэжьэнущ нэгъэщІ щІыналъэхэми къытшынуэр. Абы и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъуэгъу къытхуэхъунущ «Росмолодёжь» Іуэхущ Іапіэр», - къыхегъэщ абы.

Дерсхэр ныбжьыщІэхэм я дежкІэ пщІэншэу щытынущ. Апхуэдэу еджагъуитІ къызэрагъэпэщынущ, цІыху 30 хуэдиз яГэсэнущ. Дерсхэр щаухкІэ еджакІуэхэм видео лэжьыгъэ зырыз яГэсхьэзырын хуейщ, социальнэ Іуэхухэм, е щхьэж дзэныхьэхэм ятеуухуэу.

- Сыщогугъ еджэгъуэ зэманым къриубыдэу ныбжьыщІэхэм гуп-гуп защІу зэдзэлэжьэну. Зи закъуэ лэжьэну хуейми абы чэнджэщкІэ дыдэІэпыкъунущ. Зыгуэр ебгъэджэхукІэ уэ езыми уи къуэхьым зеужь. Курсым къэкІуэну еджакІуэхэм сэри зыгуэр къызэрызагъэщІэнум щэч къытесхьэркъым, - дыщІегъу Алинэ.

Абы дызэрыщІэгъуэзамкІэ, еджакІуэхэм практикэ лэжьыгъэм и кІэм деж республикэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм гупу яшэнущ. Алинэ зэрыжиІэмкІэ, къихьа ахъшэ саугъэтымкІэ школыр зыхуэныкъуэ техникэхэмкІэ зэман гъэнэгъум къызэрагъэпэщынущ.

- Псом хуэмыдэу мыр творческа лэжьыгъэу аращ. ЗэрыпщІэншэр екъэплъытэмэ, видео техыним дихьэх цІыхуэм и деж ІэмалыфІу къызолъытэ. Лекцэ хэх Инстаграмым эфир защІэкІэ дихьэнущ, цІыхуэхэм ди дерсхэмкІэ дадэгъэшынуэ. Ари щхьэпэну къызолъытэ, 2020 гъэм онлайн-егъэджэныгъэм щІэупщІэ иІэ зэрыхъуам къыхэкІыу, - жеІэ Алинэ.

ТЫІЭЩ Милэ.

Лъэпкъ ІэщІагъэхэр кІуэдыжынукъым

«Шым уришэсыну, бгылъэ щІыпІэхэмрэ мэз Іувхэмрэ кІрищІыпкІыхьыну цейм къыпэхъун щыІэкъым. Пщащ-пІэ зытемылъ, зи бгъэр зэгуэха фэилъхьэгъуэр бгым деж зэв щхьэхуж, ауэ зауэм урихэтыфын хуэдэу абы Іэпкъпльэпкъыр имыкъуэу щытщ: Іэщхьэхэр бихьэщ, кІэщІщ. Цейр адрейхэм я кхъхэзыгъэщІщ данэ кІапсэ псыгъуэкІэ къадыхь бгъэгуштальэхэщ, СэмэгумкІэ щыІэхэм гынныгъуэхэр ирапльхьэ, ижьымкІэ - дыд, фэдэн, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр».

МЫ ТХЫГЪЭ кІэщІымкІи нэрылъагъуэ адыгэм и гъащІэм, дуней тетыкІэм цейм мыхьэнэшхуэ зэрыщІар. И дахагъэм зэрыдихьэу, абы и быдагъри, сэбэныгъэ куэд зэрыпкърыпІри къэлъытапхъэу къыщІэкІынщ. Лъэпкъ куэдым абы щапхъэ трахащ, ауэ псэукІэм щІэк-щІэкуэрэ зэрызихъуэжьым къыхэкІащ ар къамыгъэсэбэныжьыр. Махуэ къэс цейр щамытІэгъэжми, хуэмурэ гъащІэм къыхохьэж, хьэгъуэлІигъуэхэмрэ нэгъэущІ махуэшхуэхэмрэ ар ящымыгъуэ зэфІэкІыркъым. Абы къикІыраци, фащэ зыдхэм я Іэщ Іагъэм дяпэкІи щІэупщІэ иІэнущ...

Ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэ Іэщ ІагъэлІ ныбжьыщІэхэр къыдокІуэтэй. ЗэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэм и WorldSkills IV щІыналъэ зэхьэзэхуэм иджыблагъэ утыку къыщІахьащ адыгэ цейр зэрадыр. КъыхэзгъэщІпхъэщ абы Налшык къалэм промышленность псынщІэмкІэ и колледжым щеджэхэу Пщыкі Алинэ - етІуанэ увыпІэр, Хъащцыкъуей Индирэ ещанэ увыпІэр къызэрыщащхьар.

Илъэс 19 зи ныбжь Алинэ и анэр дзрбэгр Іэзэу щытми, езыр зэм щІэхъуэпсатэкъым а Іэщ Іагъэр зригъэгъуэтыну. Абы и нэр къызыхуикІыр дохутыр хъунырт. Арщхьэкіэ и ныбжьэгъу хъыджэбз цІыкІур парикмахер гуэзджэм хуеджэу щызэхихым, колледжым щІэтІысхьащ бгъуанэ классыр къызэриухуу. Зы илъэскІэ ар якІэльыплъащ модельер ныбжьыщІэхэр колледжым зэрыщагъэхьэзырыр икІи дихьэхащ абыхэм ящІ щыгъын дахэхэм. ЕтІуанэ курсым щынэсэм, ар тегушхуэри, а унэтІныныгъэм хуеджэну зригъэдзыжащ.

ЩІыналъэ зэхьэзэхуэм хъыджэбзыр зэрыхэтам ирогушхуэ. «ИкъукІэ сыщІэхъуэпсыпт апхуэдэ зэхьэзэхуэ сыхэтыну. Псом хуэмыдэу ар зытеухуа Іуэхур сфІэгъэщІагъуэнт - лъэпкъ фащэхэр къызэрымыкІуэу сфІэфІщ, къапщтэмэ, ди къэфэкІэхэми сызэрыдихьэхьам хуэдэу. Си мурадыр къызэдгъэІащ. Іэпщ Іэпъэпщ Іэхэу дезыгъэджэ Гумэ Аминатрэ Залихановэ Лейлэрэ, абыхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэгъэпэщауэ зэхьэзэхуэм сыхуагъэхьэзыращ», - жеІэ Пщыкі Ким.

Псом нэхърэ нэхъ пэщащэну икІи нэхъ гугъуу Алинэ къелъытэ хьэзырхэр щыныр. ИтІани, ар и къалэнхэм зэрыпэлъэщыр къигъэлъэгъуащ зэпеуэм.

Иджыблагъэ Индирэ щыщ Хъащцыкъуей Индири иджы ялэу и зэфІэкІ щеплъыжауэ ираащ WorldSkills-2020 зэхьэзэхуэм. Алинэ къыщыхьэщыкІыу, ар сыт щыгъуи щІэхъуэпсу щытащ модельер Іэщ Іагъэм. «Си анэшхуэр дэным дихьэхыу щытащ. Езым и щхьэми ди Іыхьлыхэми зэпымыуу ф эилъхьэгъу дахэхэр яхуищІыт, - жеІэ хъыджэбзым. - Абы и фІыгъэщ а Іэщ Іагъэр фІыуэ щІэхъуэпсыр. Сызэрысабийрэ сурэт, тхыпчъэ зэмылІэужьыгъуэхэр хьэдэкІ. Ялэ дыдэ си закъуэу кІэ щІыздаж ешэ ящІ. Ар щІэныгъэ ин, промышленность псынщІэмкІэ колледжым. Зэхьэзэхуэм щыдгъэльэгъуащ цейр зэрад щІыкІэм. Псом хуэмыдэу къыхэсъэщыпхъэр пасэрей Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр (технологие) къызэрыдгъэсэбэпар арагъэнущ. Зэпеуэр и кІэм нэблэгъэхукІэ си фІщ хъуакъым щІыпІэ щхьэхуэ гуэр абы къыщысхьыну. Зэпеуэм хэта псоми зэчий зэрабгъэдэлъыр нэрылъагъут. Дяпэкіэ хэхъ тегушхуауэ зэхьэзэхуэхэм дыхэтыну къыщІэкІынщ.

Алинэ Индири и колледж къызэрыгъуэм нэблэгъащ,

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70-хэм итщ).

- Зиусхэн, Алыхьым гъащІэ кІыхь къыуит. Къысхуэгъэгъу щІалэхэр зэрызэпысудар... Мыдэ, урыс пащтыхь Пётр къэбэрдейхэм къытхуигуфэр сыту пІэрэ? Дипхъу я урыс нысэу тхыдэм дызэдыхьыхат зэгуэр.

ХьэтІохъущоукъэупщыр хуэхьэзырт а упщІэм:

- Ар сэ езыми вжесІэну сигу илът, Къаешыргъэ. Си яп хуэщІащ... Тырку сулъТанымрэ пащтыхь Пётррэ Іэ зытрадзэ дэфтэрым ипкъ иткІэ, Урысейр адыгэхэм къыддэІыпыкуну хуиткъым. Арац зэрыщытыр. Ар пэжщ. Ауэ ди малъхъэ къалмыкъ хъаным, Урысейм и жьІэщІэ пэжу зэрыщытым ебакъуэрэ, ІэщэкІэ гъуфщакъым Аюкэ и щыкъур. Къалмыкъым лЫкІуэ дзэкІуахэм шупашэу яІар Быж ЛІыгъэрэ. ЛІыгъэрэ, абы и гъуса щІалэхэмэ, уэри щхьэхуэу, Къашыргъэ, фІыщІэ лей фхузощІ. Ди къалэн дгъэзэщІауэ къызольытэ: пщы-уэркъ хасэри, лъхуэкъуэлІ хасэри зэхэтщащ. Анэхэм, шыпхъухэм, щхьэгъусэхэм къыддаІыгъыуэрэ, дэри дызэхуэзарзэыуэ Іуэхур зетхьащ. Ди лаакъуэгъуэхэри тщІатэкъым хъыбарыншэ, я тетхэм лЫкІуэхэр яхуэдгъэкІуат... Псори ди Іэнатіэм фІыуэ щыгъуазэрэ пэт, сыт пщІэнтІэ, дызэхащІыкІуэ къыщІэкІынкъым. Апхуэдэм деж, «Уи щхьэ си щхьэ нэхьрэ - си щхьэ гуэр» - жаІэ хабзэщ адыгэхэм. Дауи ирехъуи, дыщІэгужьеин щымыІэу къэбэрдейхэр дызэхурокъуж. АбыкІэ дигу мамыру зэхуэтщІыжынщ иджы Бахъсэн хасэр.

- «Іэмин!» жыфІэ жэмыхьэт. Іэмин! - пшэфЫцІэ гуэрэнхэм Іуву щІалъэфа уэгумкІэ и Іэгухэр лъагэу ишийуэрэ, Къэсей хьэжьым дыуэ ищІри: - Жэмыхьэт лъапІэ, фэ Нэры-нэ гуащэ и шэджагъуашхэр зыІубгъахуэ, сэ мэжджвытымкІэ сымыкІуэу хъунукъым: азэн джэгуэрэ. АдэкІэ, псори мэжджвытым фынекІуэлІэжьынщи, шэджагъуэ нэмэзыр тщІымэ, Алыхьу лъэшым зэгъусэу делъэІунщ. А зырщ дэ хеящІакІуэу къытщхьэщытыр!

Къэсей хьэжьым и азэн джэ макъым къыпэджэжу, уафэр ину гъуагъуэри хэхъуэпскІыкІащ. ИпщэкІэ къыщылында уафэхъуэпскІым къыІэщІэщэща нэхъей, уэщх джэш пІащэр иджы пщы уэлийм и щІапнтІэм щыджэгурт.

ХьэтІохъущоукъуэр уафэм дэлъэІэри:

- Сабанш! Бгъажь! ФыкІуэт... Къэсей азэн джапІэм къыщІекъыжкІэ фыдэІэпыкъу.

XXIII

ІУАЩХЬЭ лъапэхэм ядыщІэкІ гъэзыг нашэкъашэм ирокІуэ Сурэт зэрыс гулэгъунэр. Шу гъуСитІыр абы иужь итыжщи, бгитху зэхэтыр и гъуаэзу зреш гъэгуанэм. Хуэмурэ задэм кІэрохьэри, нэхъ задэж щыхъым деж, лъэныкъуэкІэ къэхуэкъуопЫ уэсылтэ къуршхэр. Мес, Іэгъуэщ иджы бгитху щІынальэр, жыг щхъуантІэ гуэрэнхэри цІыхум зэриІэужьыр Іупщіу, пхъащхьэмыщхьащхьэр. Іэхэпъаехэм жыІэ зэрыщІепсэуи и нэщэнэхэри иджы нэхъ наІуэщ.

Шууитыр - ЯкъаррэІэ Іэта-Ильясрэ - мыпІащІэуэрэ зэдоуэршэр. ГъащІэм зэрымыщІэкІэ зэридзылІа мы лІитІыр, сытым темыпсэлъыхьми, бэджьхъым ещхьу, тхыдэм и теуэгъуэхэм хэтщ. КІэуахыщІащ а тІум къаужьгъыжхэр, зэхэмыбзэ щхьэм иджы Іупщіу яубзыхужыну зэлІалІэхэр. Апхуэдэхэуэрэ, гъуэгу нашэкъашэ я пкІэлъей задэу шууитІыр гулэгъунэм кІэлъокІуатэ.

Сурэт зэм мэщхьэукъуэ, зэми щІэщтэжауэ яхъэщщоу. ГуащІэншэ хъуащ пщащэр. Уджэгурэт-тІэ апхуэдизыр зи кІыхьагъ гъэгуанэкІэ! Кърымым къикІри, адэкІэ Жанеймм - КІэмыргуейм - Къэбэрдеймм. Адэжкі3, Къэбэрдей икІыжащи, Жанеймм ихьэжыу къыпэщылІри гъэгугущ. Пщащэр, дауи, ешащ.

Іэта-Ильясрэ Нэкъаррэ я шыщкъэ зэтауэ здэкІуэм, Мамсырыр зыхуэмышыІэу подыхьэшхьКІри, Іэкъэгъэзэахуэ: «И нитІ зэпэзэнэу-зэгъунэгъбзэхэри, и пэбгыщхьэм Іуву щызэхэкІэж набдзэ цІыплхэри къуалэ бзаджэ гуэрым ещхьу, уІуэн хьэзыщ. ЛІыр къызыхэкІа монгол къуэпсхэр и натІэм сэфэнту къытпуд. Мыдэ и щхьэщІыбэ зы щхьэц ухуэнгъуэ цІыкІу иридзыхьжатэмэ, кьепсри къиІэтауэ чынгъыщкъуэт!»

Нэкъар иджы къигъуэтыжа ныбжьэгъущІэр нэхъ гъунэгъуу къицІыхуху, нэхъри игъэщІагъуэу, азиат лъабжьэжьщ. Мамсырым мызэ-мытІэу и нэгу щІекІащ, и лакъуэ тхыдэм зыгуэр мащІэу зэрецІрхъыу, Іэта-Ильяс елэныхъым ещхьу зыкъызэпсритІэр. А къызыхэкІа лъэпкъыжьым и набжьэр, а дуней щІыпІэныкъуэр зи лъэгу щІэзылъхьа лъэпкъ зэлымым и куІыр Іэта-Ильяс иджы Іупщіу дилъагуурэ, Мамсырыр зыхищІэжу нэщхьей къэхъуат... Дыгъуасэ пщІондэ абрэдж щхьэхуиту къуршым итя жаней щІалэм и гур щІэузыпрт мо нэгуеймм, тхыдэ щэджащэ зиІэ лъэпкъым мо и жылакІэм, лІыгъэр зауэ щыхьКІэ дуней хъурейр бгъунлъэу зэщІэзызгъэхьея лІакъуэм мо и кІэсжьым!

Нэкъар щІэх-щІэхьырэ зэупщІыжрей хъуат: «Ярэби, зэгуэр, аддэ къэкІуэну жыжьащэм и зы пІалъэ гуэр, адыгэ тхыдэм гъэущауэ къыхэплъыжыну пІэрэ, мы нэгуеймм ещхьу, лъэпкъым и кугъуэр зи псэм щызэхуэкъуса, лъэпкъым и узыр зи лъым щызэпщІыжа лІы щхьэхуэ закъуэтІакъуэхэр?!

Іэта-Ильяс зэрыхэщхьэукъуэм Мамсырым гу льитэри:

- Си гугъэнтэжьым, нэгъуей, апхуэдэу укъытхущІэкІыну...

- Дапхуэдэу ар?

- ХьэтІохъущоукъэупщымрэ узэрэ фи зэпсалъэр...

- Сыту пІэрэ апхуэдизу укъэзыгъэуІэбжьар?

- ПщІэрэ ар... Сэ си гъащІэм къабзэу ущызэкІэщІопЫ. Псори щынэрыльагъущ. Уэращи?..

- Сысейри жэщ къарэжь защІэу зэпыщакъым, жаней.

- НэгъуэщІхэм яхуэІуатэт уэ а шыпсэр!

Іэта-Ильяс зэуэ шхуэІур къыжьэдекъуаэпэри:

- Хьэуэ, Нэкъар! Куэдщ ар. Дызэпсэлъэн куейщ нэхъ жьэнахуэу, ЖыІэт, сыт ущу сэрКІэ иримыхьыр?! - Мамсырым и шыщхьэр иригъэІуантІэщ, кІэщІу къыжьэдикъуэжри, нэгуеймм и шыпэм пэуващ:

- ЖысІэжмэ, жысІэжщ! Кърым хъаным хуэлажьэ уи шынэхъыщІэм и лъэныкъуэр яІыгъыу нэгуейм къыддэзэуэну къытхуэкІуэмэ, сыт уи щхьэкІэ пщІэну уи мурадыр?

- Ущымыиуэ, Мамсыр. Нэгуейм яхэтщ напитІхэр, я мащІэкъым фейдэхуэлІэжэр, хьэжьвакъэжьыушхэр, ауэ абы къикІыр-щхьэм лъэпкъ пстор нэхъ Іейхэмкіэ зыкъыщІэтэн хуейуэ. УмыщІэр умыІуатэу, тІэкІу зышыІи нэхъыфІщ, щІалэ.

- Зэ догуэт! Уэ уэзригутъэмкІэ, уи шынэхъыщІэм зэрыхуэзфІэкІкІэ нэгъуейхэр Іейм щихъуэмуэ арщ?

- Апхуэдэу сыщогучІ. Пьлкъыр ягъэбзлэрыгъыуэрэ пцІыІуэпцІышэхэм дамышэхьн папщІэ, зы Іущ гуэр къащцыхэкІыр насыпышхуэщ. Пэжщ, апхуэдэ Іущхэр нэхъыбЗэм деж шэпэІудэ мэхъу.

- Ягу -я псэр мафІэм бзийкІэ илыпщІу- рэ? - ауан зэз щІэлъу мэхъурджауэ зи абрэдж щэным къыІэщІэмыкІыф Мамсырыр: - Зэхэпхрэ абы жиІэхэр! Хъунщ адэ. Неуэ, гулэгъунэм дыкъыкІэрыхуащ.

ШууитІыр зыкъомрэ зэмыпсалъэу макІуэ. Нэкъар зэригъэзэхуэну елІалІэрт Іэта-Ильяс и псалъэхэм ящІэльыр. Нэгуеймм и жыІэм, зэкІэ дэкІуэщІыртэкъым Мамсырым и гурыщІыгъэкэр.

- Сэ унафэ сиІатэмэ, абыхэм яхуэфащэр сщІэнт.

- Хэт «абыхэр»?

- «Абыхэр» - ахэрщ! Сыт къыбгурымыІуэр? Къэбэрдей пщы уэлийм рэ кърым хъаным рэ жыхуэсІощ... ДзитІри зэпэщІэзгъэувэнути, аддэ, пасэрей косог-адыгэжьхэм я Ридадэрэ урысхэм я Мстиславрэ* зэрызэрагъэзэуам ещхьу, пщы уэлийм хъаныр зэзэуІытщІыкІ. Ирезауэт тІур - зыр адрейм ІэщІэуэІэжу! ТекІуэм и лъэныкъуэр текІуат... Хьэуэ, хьэуэ, ари къэмызэгъщ...

- Сыт къыщІемызэгъыр? А жьхуэпІэр, Нэкъар, Іэмалыфі дыдэщ. Ар ящІэну щытатэмэ!

- Ар щІэнІэмальфыр лЫгъэм хьилэ щыхэмылъырыц. Иджы щІыІэхэм «Хьилэри лЫгъэм щыщщ» жаІэри дзэувжащ, нэгуей.

- Хьилэ жыпІа? Напэншагъэщ апхуэдэм зэреджэр... Псэжьыгъэщ ар! - къолъ Іэта-Ильяс.

- Мызэ-мытІэу дзапхуэдэ къытхІэлъызэрахьащ...

Гулэгъунэм къыкІэрыхуа шууитІыр хьэмкІэлъэхъуу зрачыжауэ здэкІуэм, Іэта-Ильяс нэщхьейуэ егупсысыр: «Ярэби, апхуэдизу Мамсырым дзыхь къыхсуимыщІыныр сыт къызыхэкІар? Си гущхьэ къридзэнтэкъым иджыри къэс Нэкъар гурыщхьуэ гуэр схуущІиуфэу. Пэжщ, абрэдж хьэлщ ар: ерыщрэ дзыхьмышІу... ИтІани, Мамсырым нэхърэ мынэхъ мащІэрэ сиІатащ сэ губгъуэжь. Ситащ сыщхьэегъэзэпІэнэшэрэ си гуІэгуэр си гуфІакІэу. Сыт хищыкІрэ-тІэ Нэкъар сэ згъэвым? Езым и гуаэр щыгъупщэжынт, сысейр зыхуэдэм зэ щІэупщІатэмэ! Мамсырым и гухэлъыр мес, ди япэ ину макІуэ, гугъу ехьахэми, зэрыгъуэтыжахэщ. Къыщысша махуэм кърымхэм і3щІатахъа си тхьэІуэфащэр: сымыгъэузыжьхэнхэм ящыщщ. Ар уз цІыкІуфакІуэкъым! Уи псэр зыхьым упыхьэурэ укІэлъокІуатэ. Сэ сыздэкІуэтэну лъэныкъуэри сщІэрэт? Си нысащІэр къэслъыхъуэурэ Кърымым лъагъуэ Іусщ1ыкІауэ, Абрэдж псэжь напэншэр пэшэгъу къысхуэхъуат. Мырзэбэчыжьым иджыри сыщыгугъыт е щыуагъагъэкІэ, е фейдэ гугъэкІэ зы лъагъуэ гуэр сытриШэну. АрщхьэкІэ Абрэдж Мырзэбэч псэжь дыдэу къыщІэкІри, саугущхьауэ, сымыщІыхухьуу стриГъэІуКІащ! Сыту насыпышхуэт а псыкъуийм дэж, силъ сщІэж си гугъэурэ, Даур зэрыщысІэщІэмыукІар! Сыту насып лъэщт а махуэм къэбэрдей шухэм саззрыІущІар... Абдеж зыкъыщысхуигъэзащ си вагъэм, мыхьэнэ пэж иІэу си гуащІэм сыІуплъэжьфащ. Мырзэбэч стриГъэІуКІа напэтехьым и ужькІэ, хэт хуэсІуэтэнт-тІэ сигу къеуэр? Уэри, си шу гъусэ, сызэхэщІыкІынукъым. Хьэуэ! Дзыхь здэщымыІэм зэхэщІыкІ щыІэ? Ее-й, Мамсыр, Мамсыр! Мыдэ жаІэркъэ, дахагъэм лЫр игъэгушхуэу... Пэкъым ар. Си нысащІэм и дахэр тІуми мыгъуагъэ тхузэхуат. Дэнэ иджы ар здэщыІэр? СулъТаныжьым и хьэрэмым щІадзэжа? Зы къулей гущыкІыгъэжь гуэрым и ІуэхутхьэбзащІэ?! Къэзгъуэтынщ... Си псэр пытмэ, къэзгъуэтынщ...» Зигу къызэфІэна нэгъуейм зэрымыщІэкІэ шхуэІур хьэжьвакъэуІэри, шыр кІэбдзкІэ тхъуэуэрэ хэщІыщыкІащ. Нэкъар къэуІэбжьауэ къызэпІэкІри:

- Къэхъуар сыт?

- Псори тэмэмщ. Мыдэ си шым зыгуэр зыдегъуэри...

- Уэ зыдэбгъуэр зыхищІэу арагъэнщ уи шым... ПщІэрэ уэ «черкеш» зыфІэпщта адыгэхэм «Уэрэнджжащ» уимыІэмэ, уи пІыжьыр гъэтІыси ечэнджэщ» щІыжьаІэр? Арац-тІэ... Шым нэхъ псэлъэгъуфІ щІыщымыІэр, абы и зэхэщІыкІыр нэхъ куущи арщ. Сэ апхуэдэу къысщохъу...

Бгитхум пэмыжьжьэу къыщІитт Къамлэ нэгъуей жьлэм и шэтырэр. Мамсырым игу къызэрыгъуэтыжауэ:

- Мыдэ, жьлэм дыдэмьхъэу уи лъэпкъэгъухэм фІэхъус едгъэх! - жиІэурэ уанэгум зыкърелэтыкІри, шэтырэмкІэ маплъэ.

- «Сэлам уалейкум» жьтІэурэ, - Іэта-Ильяс пыгуфІыкІыу Нэкъар зыдещІри, уанэгум зыкърелэтыкІ. ПІуэтэжу зэхэсхат си адэшхэри, си адэшхэуэм и адэшхэжьри мы Къамлэ жьлэм къыщалъхуауэ.

- Мыр уи жьлэжьщ?! Уи кхъэльахэхэри мыбы илъ? - егъэщІагъуэ Мамсырым.

- Хьэуэ. Си лъэпкъым мыбдеж лъабжьжь щищІакъым. Си адэшхэр мыбы икІри беслъэнейхэм я щІыналъэм итыІэхьат. СцІыхужьркъым ар езыр... ЗэрауКІам и хьыбар нэгъуэщІхэм къысхуаІуэтэжауэ аркъудейщ. Хэт абаззэм Іэщ1экъуэдауэ жиІэрт, хэти зыуКІар бесльэнейуэ итъэкъыбфарыт. Пэжыр дэнэ къысхьн? Хэт а лъы уасэр иджы зытелъыр?

- Зэман къэдыІуэ дэкІыжащ абы лъандэрэ...

- ЛъыщІэжыр пІалъэнэшэщ, - нэгъуейм и нэкІущхьэр морэ-фІыщІафэу къызэщІоплъэ: - ПІалъэнэшэщ! Апхуэдэм и пэжыр дапщащи зэ къыхэпщынущ, къышІэщэтынущ, къыдэжынущ зэгуэр, къуэпс кІэсыжым ещхьыпсу. Пэжыр дапщащи сэтей хуоІІэ. Си адэшхэум иПъ сымыщІэжмэ, и цІэр, сэ къысфІащыжа и цІэр, згъэхьэулеяуэ сылІэжьынущ. Къуэ сиІатэмэ! Си адэшхэум и цІэр естыжьынт си къуэм, - Іэта-Ильяс и макъыр иджы йохуэхьІэ.

- Къыпхуахьыфат уэри гухэщІышхуэ... - игу щІэгъуу педзыж Нэкъари: - Уи цІэр сщІэ щхьэкІэ, уи унэцІэр зэи зэхэсхакъым. Уэ си унэцІэм ущыгуаэзэщ - Мамсырэ сащыщщ.

- УщІэупщІау бжезмыІа хуэдэ! Махуэм и кІэщІыпІэм тІощІрэ си унэцІэмкІэ укъыздоджэ уэ! - мэдыхьэшх Іэта-Ильяс. - Нэгуейщ си унэцІэр.

- Ы-хь-ы, унэцІэ хьэлэмэтщ, - мэгуымэтІымэ Нэкъари, игукІэ: «Насып диІэти Чынгызкъым...» кІэлъыжеІэж.

- НтІэ, унэцІэ хьэлэмэтщ.

- Нэгъуей унэцІэр зезыхьэми елъытащ. Ямыгъэулъийм ар хуэдэщ.

- Мис ар фІыуэ жыпІащ, Нэкъар! ПщІэрэ, Къамлэ фыщыдзэтеувыІэмэ, нэхъыфІтэкъэ. Сурэти ешащ. Дэри шыхэри вжьІурыхьэгъуэ дыхуэнэкъуэщ. Зыдгъэпсэхунтэкъэ?

- Мыдэ, къэздэкІат хьилэшыхэм я жьІэкІэу: «Фыкъэблагъэ... фымыпІащІэмэ» - жьІуэпІэщ. Ара, нэгъуей?

- Апхуэдэ сэ схужьІэнутэкъым, Нэкъар...

- СыгушІащ. Дэ адыгэ лІакъуэхэм апхуэдэу дызэпэгушыІэ ди хабзэщ. Пэжыр бжеІэнщи, Беслъэнейм дихьэным къэнэжа щыІэкъым. Пшапэ зэхэуэгъуэм дынэсынущ. Уи лъабжьэ здэщымыІэ КъамлэмсИ сыт щхьэкІэ иджы дыдыхьэнт? Хьэуэ, уимыгугъат уи лъэпкъгъуэхэм дзыхь яхуэзмыщІу! ИтІани, зэманыр мамыркъым, адэ ди гъэгу хэщІэщІмэ нэхъыфІщ.

«Уи лъэпкъгъуэхэм дзыхь яхуэзмыщІ уимыгугъэ, - игукІэ къытрегъэззэж Іэта-Ильяс. - ЯхуэпщІыкъым дзыхь. Узыуэйрамэ, си ныбжьэгъу, уигу илъымрэ уи бзэгупэм телъымрэ зэмыгугъэщ уэ ІлЫм. Узгъэкъуанщэркъым, жаней. ЦІыхуэхэм дзыхь къызэрыгъэкІ щызэхуамыщІыж лъэхъэнэм тІыри дрибынщ. Нэбгъуэ-нэджабэкІэ псори дызэхущІоплъ. Си лъэпкъэгъу зи гуэр пщІахэм, зи адыгъэм дэщащыркъабзэу, дзыхьмышІ гурыщхъуэщІхэщ. Аращи, фэри, дэри, тэтэрэхми жьтІэр зыщ, дигукІэ зетхьэр нэгъэщІщ. Дызэхуэфащкъэ дэ гупыр псори?! Зы щІыналъэ пытхъахуэм мамыру дызэдытезагъэркъым. Зым зыхеш, адэрем зегъэпщ, ещанэм щымыІа таурыхъэр къигупсысурэ тхыдэщІэ ныкъуэщІаІэ зэрегъэпщІ. Зым и фІым адрейр дыщыгуфІыкІыу, мы дуней хьэкум къышыдитта пІалъэ кІэщІри хъатпсэуфырыкъым! Дэ дывогъэкъуанша тэтэрылъ зэрытщІэтымкІэ. Кърым-тэтэрхэр мысэщ фи бынхэр ІулъхьэУ фигу зэрыфэхупыкІымкІэ. Кърым мырзэкэр къуаншэщ фи фызхэр жэщдзэгъэлъу зэрахуэвгъакІуэмкІэ! Псори фи мысэщ фэ... Псори фи къуаншэщ! Фи щхьэ закъуэгъуэ хейр... Дэ езыхэми дыбзыщІыркъым кърым-тэтэрхэр Іыхьлыгъэкіэ зэрыдикъуэпсыр. Тэтэрмонголхэм я шыпэм дуней щІыпІэныгъэр щІэгъуэпльхьэпат. Зыщ ди хабзэр, диныр, ди хьадзэхуэІуэхуэщІэр. Хэт-тІэ ар зи ягъэр? Ордаишхуэм и кІуэдыр хэт зи ягъэр? Махуэ хэсскІэ ди нэхэр къызэрияуІукІ а кърым-тэтэрхэр арауэ пІэрэ ящІэнэр? Аехри, дэ тхуэдабзэу, ящІ тесыжкъым, фэ аддэ иджыри Чынгыз мыбы дыкъыщимышІэ ди хьадзэр мыбдеж фисщ. НтІэ, фызэгурыІуэу фисауэ пІэрэт! Си щхьэузыгъэуи фи зэгурыІуэт фэ, зиплъу пащтыхьхэм ящІэфмэ дэ къыщхурипльафэрэ фызэпщафыІэжу! А Джыпсахьстэней жьхуэфІэм, фызызыкъэпльапхэр сыту щІэхыщэ фщыгъупщэ? НтІэ, мис а ди Ордаишхуэм Тыркумрэ Кърымымрэ къращІаращ фэ адыгэхэм иджпсту Урысеймрэ а Кърым дыдэмрэ къыфкІэлъызэрахьэр!»

- УнэцІэ Іумахуэ зезыхьэ Іэта-Ильяс, - мэгушыІэ Мамсырыр, - гъэугум дэдмыдзыхыу заншІэу дыкІуэмэ, дауэ уеплърэ?

- Зыгуэр жьлІат, Нэкъар? - къызэщоуж нэгъуейр.

- Зы гупсысэ гуэрым усфІехь уэ ІлЫр, - педзыж абы Мамсырым.

- Хьэуэ, хьэуэ... - и нэ зэвитІыр Іуданэ щэщІауэ зэІупщІэжурэ мэдыхьэшх иджы Іэта-Ильяс. - Гупсысэу мы дунейм къытехьэлъэр уэрэ сэрэ зэщІыгъуу плІэрыхь тхуэхъат, Нэкъар!

- Пэжщ, мызыгъуэгукІэ куэдыщ дгъэуанэхуащ уэрэ сэрэ. Ари пІалъэ кІэщІым къриубдыз... Уи сэбэп къызэкІащ, нэгъуей. Апхуэдизу иІэсхІэ згъэва гуаэр уэщІыгъуу зэрытІэтыкІащ. Иджы сыхьэзырщ уигу къеуэр - ар сытуи щырет - бдэзгъэушыну. КъызжеІэ къудей, умыбзыщІу.

- СогушІэ, Мамсыр. Хуабэм нэхъ гукъеуэ сиІэкъым.

- Зым хуабэзвэхыр и щІасэщ, адрейр егъэмэх. Дыгъэр къухьэнущ куэд мыщІэу. Бесльэнейри жьжьжькъым. Нарт Бабгард и хьэщІэщым деблэгъэнщ жьэІэ. ГулэгъунэР абдеж щытхъуэжьнщи, уэри уи лъэпкъэгъуэхэм уакъыхэнэжьнщ.

- Зэхэсхакъым уи жьлэ, Нэкъар. Дауэрэ сыныбжьэгъуэт сэ, гъэзгу ныкъуэм ныкътеэнэу? Жанейм уисшэжьнущ, уи нысашэм адыгэ кьафэ щысщІынущи ... адэкІэ депІэнщ, бысым.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

**А хьыбарыжь гуэзыр «Повесть временных лет» тхыгъэм къыхощыж: «Гъэ 6530-м (1022) Ярослав Бересть къыІухьат. А лъэхъэнэм Тэмтэрэкъым и тету щата Мстиславыр косогхэм езэуэну зекІуэ екьат. Косогхэм ягущ Ридадэ, бийр къыззрыкІуэр щызэхихьи, дзэм пэуващ. ДзитІыр зэкъуэн хунэмысу, Ридадэ Мстиславым жреІэ: «Сытым щхьэкІэ хэй Іэджи ялъ дгъэжьэн? Уэрэ сэрэ дызэгъэзауэ. УкъыстекІуэрэ - си мыльКуи, си фызи, си быни, си щІыналъи къыпхуэзнэщ. СыныптекІуэрэ - ууейуэ уиІэр сысей хъунщ». Мстислав къопсальэри: «Ирехъу апхуэдэу!»*

«ІэщІэкІэ дызэрыуэнкъым, ІэпщІэкІэ дызэпэщІэувэнщ», - жеІэ Ридадэ. ПщитІыр зэпэщІэуващи, Іэпщ1экІэ зэроІэт, зэрогъэтІыльыж. Льэщт Ридадэ. ПІасхьэтэкъым Мстислав. АрщхьэкІэ Ридадэ и гуащІэр кІуэщІыртэкъым, Мстиславти, косогыпщым и Іэпщэм ажал къызэрыуэхэлынур кьыгурыІуауэ: «Уо, хуэ мелыйчу, мелыйчхэм я къабзащ! Сыкъэхъумэ! Си насып текІуэжмэ, тхьэлъэІупэ унэ уи цІэкІэ сухуэнщ!». Ар жиІэурэ, щІыщхьэм Іэпщэ пІанэкІэ къышІебэн Ридадэм и пщэ лъынтхуэр маисэр кьрипхъуэтри, Мстиславым зэпигъэхуащ. Ридадэм и мылъкуи, и бынуи апхуэдэ Іэмалкіэ урысым къыщІэтэри, косогхэм Іутькъэтыхь къуэды ятрильтхьащ. Мстиславым Тэмтэрэкъей къигъэззэжа нэужь, хур мелыйчым и цІэкІэ иухуа тхьэлъэІупІэр иджыпстуи щытщ».



● Уафэщі жыжьэм

Нэрымылъагъу цІыкІужьейхэм йофІэкІыж

Марсым къыщагъэуэта, органикэ Іэрамэу зэхэуэхуэна тиофен пкъыгъуэхэр, зэрыхуагъэфащэмкІэ, щыхьэт техъуэфынущ а планетэм и щІыІуэ лъэхъэнэ жьыкъэм гъащІэ гуэр щыІагъэнкІэ зэрыхъунум.

США-м и Вашингтон штатым хьыхьэ Сиэтл къалэм дэт Къэрал щІэныгъэ-къэхутакІуэ университетым и астробиологхэм зэрыжаІэмкІэ, тиофен мэскъал цІыкІужьейхэр кьыщыбгъуэтысфынущ дыщыпсэу ЩІы Хьурейм и щІыгум къыщыщІах-къыщыщІаш фІамыщІкІи, зэмылэжьыжьа щІыдагъэми, шхыныгъуэу къагъэсэбэп Іэгъэбагу лъапІэ тофеиІ хужькІэ зэджэми. Абыхэм хуагъэдащ иджыблагъэ Марсым къыщагъэутахэри.

Мы зэманым щІэныгъэлІхэр яужь итщ планетэ «плъыжьым» и щІыІум тиофенэхэр къызэрыщыхуятщІыкІэр зэхэгъэкІыным. Еджагъэшхуэхэм зэрыжаІэмкІэ, Іэрамэу зэхэуэхуэна пкъыгъуэхэр Марсым къыщыунэхунымкІэ, япэраеу, «сэбэп» хьуфыну щытар хьэршым илъэтыкІ метеоритхэр а планетэм и щІыгум щытехуэхкІэ къагъэхьэу хуабагъэ яныплейрщ (Щельсий и пщалъэмкІэ градуси 120-м щхьэдэхьэр). ЕтІуанэрауэ, нэхъыщыхьэжьр аращи, илъэс мелардищ ипэкІэ (планетэ «плъыжьым» и щІы щхьэфэр, иджырейм хуэмыдэу, куэдкІэ нэхъ хуабэу икІи псыІэу щыщыта лъэхъэнэхэм) мыбдежьм «псэ яхэту» щыІа нэрымылъагъу цІыкІужьейхэм (микроорганизмэм) неофенэхэм хуэкІуэж сульфат зэхэуэхуэнхэр къагъэщІыфыну щытащ.

А псом къыхэкІыуи, щІэныгъэлІхэм я мурадщ зи гугъу тщІы уафэщІ жьыжьэм траутІыпщхьауэ щыта Іэмэсымэхэмкіэ (марсыдрыкІу машинэхэмкІэ) къыщагъэтыну зыщыгугъ углеродымрэ серэмрэ я изотопэхр адыжьым щыізэхуахьэсу, а пхъэгъуитІым я зыхъуэжькІэ-зэхэлъыкІэм пІалъэ гуэркІэ кІэлъыплІыну. Еджагъэшхуэхэм къызэралытэмкІэ, ар щхьэпэ хъунущ планетэ «плъыжьым» и щхьэфэм зэгуэрым щыІауэ зыхуагъэфащэ гъащІэм и зыхъэжьыкІэр зыхуэдар джынымкІэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Банк Іуэхухэр

Сом мелуан 60-м щІигъу

«Къуажэ ипотекэ» худэчых зиІэ кредит программэр гъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ди республикэм щІыхуэ 27-рэ щитащ сом мелуан 60-м щІигъу къызэщІиубыдэу.

ИДЖЫРИ сом мелуан 31,5-рэ зэратыну лъэІу 16-м арэзы техъуауэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм щыхоплъэ. Банкым нэгъуэщІ заявкэ 83-рэ щІэтащ, сом мелуани 190-рэ къызэщІаубыдэу. Абыхэми Іэщ1ат1элІхэр хоплъэ.

- Іуэхур зытетыр езы бжьыгъэхэм къаІуатэ. Ди къудамэм худэчых зиІэ къуажэ ипотекэу сом мелуан 60-м щІигъу итащ. Коронавирус уз зэрыщІалэм къыхэкІа къыпэудыныгъэхэм я лъэхъэнэм щІэупщІэр нэхъ мащІэу зыхуэкъым. Бахьсэн, Шэджэм, Аруан щІыналъэхэм ямыгъэІэпхъуэ мылъку щызыІэрагъэхьэн папщІэ ипотекэ къыІахыну нэхъыбэрэ мэлъаІуэ, - къыхиГъэщащ «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

И гъащІэр страховани ищІмэ, и ныбжьыр илъэс 21-м къыщыщІэдзауэ 75-м нэс дэтхэнэми Іэмал иІэщ Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» худачых зиІэ къуажэ ипотекэ процентэ 2,7-рэ фІэкІа темыльэу къыІихыну. Илъэс 25-кІэ ят ахъшэм и куэдагъэ сом мини 100-м къыщыщІедзэри мелуани 3-м нос (Ленинград областымрэ КъуэкІыпІэ Жьыжь федеральнэ округымрэ щыпсэуахэм - сом мелуани 5), абы щыгъуэми пэщІэдзэ взносым проценти 10-м щрегъажьэ.

Къуажэдэсхэм я дежкІэ нэгъуэщІ Іэмалыфщ худэчых зиІэ потребительскэ кредитыр. Зи ныбжьыр илъэс 23-м къыщыщІедзауэ 65-м фІэмыкІахэм сом мин 30-м щегъэжьауэ мин 250-м нэс (Ленинград областымрэ КъуэкІыпІэ Жьыжь федеральнэ округымрэ щыпсэуахэм - сом мин 300) проценти 3 фІэкІа илъэсым темыльэу къыІахьфынущ, я гъащІэр страховани ящІмэ. Ар мази 6-м щегъэжьауэ илъэситхукІэ яІыгъыфынущ.

ХЬЭТАУ Ислъэн.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ хъущ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шырдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (экуэун зыхъ секретарь), **Къардэн МариТэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьащомыщ1 Иэз.**

Сурэтыр **ПэтІуащІэ Феликс** *ищІащ.*

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгагъэр хъуэныкъуэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-